


TARISA KUNA JESU

 Ameni. Tinokutendai imi, George, Becky, neHanzvadzi Ungren, rumbo urwo rwakaisvonaka! Ndezvechokwadi, “Zvose zvinoshanduka panouya Jesu.” Anobva angovharira dima rose kunze, uye oparadzira Chiedza, zvino tinotenda nokuda kwaizvozo. Zvino, kwanga kuri kwekutanga kuti Becky aridze muchechi pano, nziyo yakanyatsofanira, *Jesu Paakasvika*.

² Zvino tinotenda kunge tiri pano zvakare, manheru ano, uyezve tichitenda kwazvo nokuda kwe...kuungana kwenyu kwakanaka mangwanani ano. Uye zvino manheru ano, kuti, ndine kachidzidzo kaduku kandinoda kutaura pamusoro pako, munguva shoma; asi tisati tadaro, ndine zviziviso zvekuita, nezvimwe zvinhu.

³ Zvino ndine kakushoshoma kandinako. Ndinofunga kuti zviri kubva pakunyanya kutaura. Ndakaparidza kwenguva ndefu. Asi kana ndikatora matepi, aya, eawa kana mbiri, zvino kana ndadzoka kuno, imhaka yekuti ndinenge ndichitepa kuitira pasi rose. Zvino ndinokutendai nokutsungirira nesu mangwanani ano.

⁴ Zvino pane zvinhu zvishoma zvandinoda kutaura nezvazvo iye zvino pano. Ndeizvi, zvokuti, ndi—ndinoda kubvunza chechi, chinhu chokutanga, chimwe chinhu chandakange nda—ndaite, uye ndi—ndinoda kukumbira kuti ndizvishandure izvozvo, manheru ano. Isu hatisi...

⁵ Handiite mhiko itsva dzekutanga kwegore. Zvino ndiri... tinofanirwa kuenda kumba mangwana, saka tinenge tisipo pakutanga kwegore, kuti...asi tichange tichikurangerirai. Uye ndinotenda kuti pachave nemusangano pano, husiku hwekupera kwegore. Hongu, ndizvo chaizvo, shu—shumiro yekurinda goredzva, sewavanongogara vachiva nawo husiku kwekutanga kwegore. Tinoda kuti tigare, asi hatingozvikanise kudzoka pachine nguva kuti—kuti tiendese vana kuchikoro. Zvino mudzimai wangu anofanira kugeza mbatya dzavo; munoziva zvazviri.

⁶ Zvino ndinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu nezvinhu zvakanaka zvamakatiitira muKisimusi. Uye nemi madzimai vakaenda uko vakaisa chikafu mumba, nezvimwe, muchitira isu, kuti kana tasvikako, painge pane...zvinhu zvakatobikwa kare uye zvakatogadzirira kudyiwa. Ndinonyatsokutendai nokuda kwazvo. Dai Mwari vakaramba vachikuropafadzai.

⁷ Zvino chechi, nokuda kwetikiti ravo duku, rokuti ndikwanise kuenda kuno uku uye—uye kuti ndikwanise kunotoro mbatya kana ndaidzida, kuitira sutu. Vanondipa sutu

gore roga-roga. Uye dzimwe shamwari dzangu dzine mutsa vakabva kunditengera sutu. Saka ndinofunga, kana zvakanaka, ndinoda zvimwe zvinhu zvinenge mashati uye nemavhesi, uye nezvimwewo, ndinoda kutora mari yeizvozvo kana zvakanakira chechi. Ini ndinoda izvozvo kupinda ini. . . kupfuura pane kuda sutu, pane nguva ino.

⁸ Saka zvino, muchinda muduku uyu achangobva kutiimbira, Hama George Smith, anobva zasi kuTucson, tanga tichimboenda kuchechi kwavo kumusoro ikoko, yeNew Testament Baptist church. Baba vake mumishinari. Ndinofunga kuti vane machechi manomwe zasi kuOld Mexico. Zvino zvirokwazvo kune vanhu vakaisvonakisa ikoko. Zvino baba namai vake, nevamwe vose, vanhu vakaisvonaka. Zvino George murume wechidiki akaisvonaka kwazvo. Ndine hurombo kuti haana kukwanisa kutipa shoko rechapupu asati agara pasi, chenyasha dzinoponesa dzaKristu muhupenyu hwake.

⁹ Saka zvino, mha—Mharidzo, ini ndakavimbisa pano nguva shoma yadarika, kuti Mharidzo, ndisati ndaenda kunze kumisangano, ndinouya pano ndodzitepa kutanga zvino ndozoenda kunze. Zvakange zviru zvekuti ndisvitse matepi kune vanhu. Saka ndaizouya kuno ndotepa Mharidzo, zvadaro ndozobuda ndonoIparidza. Zvaizopa vanhu mukana, kune—kune vanogadzira matepi, kuti vagadzire tepi yacho uye toenda nayo patinenge toenda. Zvino ndiri kugadzirira kubuda ndoita murabaraba mukuru wenzendo yekunovhangera, saka ini—ini handichakwanisa kuzozviita kubva zvino zvichieda mberi, munoono, uye uyo anotora matepi anotozongoatora patinenge tichitofamba.

¹⁰ Zvino ndinofunga, futi, havana here musangano wematepi svondo rino? Kana, chimwe chinhu kana chimwe pamusoro, chimwe chinhu pamusoro pematatepi svondo rino. Zvisinei, ndinofunga kuti Hama Sothmann vari pano, uye vari kumiririra Hama Maguire. Ini handizivi kuti vari pano here kana kwete. Ndinofunga kuti Hama Fred vari pano. Mumwe munhu ati vange vari pano. Zvino ivo. . .Ini ndinofunga kuti vane musangano svondo rino, pamwe mangwana manheru, kana imwe nguva, pamusoro pematatepi. Taitaura nezvazvo mamwe manheru, mukamuri umo. Ndinofunga kuti nguva yakwana yechimwe chinhu, kuti vanotora voita hurongwa nezvazvo.

¹¹ Uye, kubvira zvino, zvichida ndichangotaura Mharidzo dzandisati ndambobata pano patabhanakeri, kunze kumisangano.

¹² Saka ikozvino ndine, ndinoda kutenda Mwari nokuda kwechapupu chiya cheHama Blair. Zvaitika kuti Hama neHanzvadzi Blair vagere ipo pano manheru ano, vagere pano pamberi pedu, vava vaive nekakomana kaduku kaye. Zvino ndinorangarira paya Ishe vachindiudza, apo pavaive. . .Hama

Blair, vachishushikana kwazvo, vachichema. Zvino kakomana kavo kaduku kakapwanyika kumeso *sezvizi*, nokuda kwemota yakapidiguka, zvino zvaaive zvainge zvakaipa kwazvo. Asi apo pandainge ndichina—namata, ndakaona kamuchinda kaduku aka kaita zvakana. Zvino Hama Blair, nokudaro, vakandibvunza, vakati, “Hama Branham, izvi iZVANZI NAJEHOVHA here?”

Ini ndikati, “Hama Blair, Blair, iyi iZVANZI NAJEHOVHA.”

¹³ Zvino Hama Blair vari pano manheru ano. Uye isu zvirokwazvo tinotenda kunge tinavo Hama Blair pakati pedu. Uye vange vachitambura ne—nedambudziko duku rekakusagadzikana. Zvino Satani akavaroa zvakasimba, pano nguva shoma yapfuura, achiedza kuvaita kuti vasanditende. Zvino Satani paingunoita izvozvo, Ishe vakabva vauya nepo vachibva vazvizarura kwavari; ndokuvaudza nezvazvo, kungozvidimura zvachose nguva iyi yeizvi isati yasvika. Zvino Hama Blair murume akanaka. Zvino ndinoda kuti muvarangarire. Ivo vari pakati pepfungwa dzekuti voita zvipi. Ivo havazivi kuti votendeukira kupi. Zvino ini ndinovimba, Hama Blair, kuti Mwari... Imi muri muranda mukuru waKristu, uye iVo vane zvakawanda zvokuti muite, nokuti Zviedza zvava kuenda zvichidzima. Mange muripo here mangwanani ano? Uh-huh. Saka, zvakana kwazvo.

¹⁴ Zvino—zvino, ndinovimba, nguva inotevera yandichakwanisa kukuonai, zvimwe munguva yePfumvudza, zvishoma. Zvino nenguva iyoyo, pamwe tinozoziva kuti tichaita mi—misangano here, kana kwete, pano paJeffersonville, panguva yandinofanira kunge ndiri kuNorway uye nekunyika dzeScandinavia. Zvino tisati tatora chidzidzo...

¹⁵ Nokuti, tine mutsara wekunamatira uri kuuya, zvino vazhinji vamire, mumipanda, nevari pamadziro, nezvakadaro, uye ndinoziva, imi, zvakakuomerai kwazvo. Zvino ndakambomira, nguva dzakawanda, pachangu. Ndapfuura nepo, nguva shoma yapfuura, ndichiuya nomudzimai kuno, ndacherechedza vanhu vazere pamagonhi. Zvino ndafunga, “Ndiani anoti Vhangeri nazvino handicho chinhu chinonyanyisa kukwezva chiripo pasi rose?” Ichokwadi ndizvo. Ndiro, iRo rinokwezva avo vane hanyin’a naRo. Avo vasingarifarire, ndizvozvo, havaride. Ivo, haRina kudaro. Asi, Jesu, “Kana iNi,” akati, “kana iNi ndasimudzwa kubva panyika, Ndichakweva vanhu vose kwaNdiri.” Ichokwadi chakadii ichi!

¹⁶ Saka kana ndasvika pano, pane zvakawanda zvokutaura, zvino ndinotofanira kunyora pasi izvo zvandichataura pano, kwechinguva. Kana kuti ini... Pane zvakawanda zvokutaura, unotokanganwa izvo zvauri kuzotaura.

¹⁷ Zvino, ndinonzwisisa kuti baba veHama Ungren vabhabhatidzwa mangwanani ano, nemuZita raJesu Kristu.

Uye kana Hanzvadzi Ungren nevamwe kana vari pano, ndine chokwadi kuti chinhu chikuru kwavari, nokuti waive munamoto wavo nguva dzose kwemakore akawanda. Zvino Hama Ungren, pangave papi pamuri, Mwari vakuropafadzei zvikuru, hama yangu.

¹⁸ Zvino kana zvisiri izvo, Mwari vaite kuti ndizvipindurire paZuva reKutongwa. Maona? Ndinoziva kuti ichokwadi. Ndi—ndichatora kupomerwa pane izvozvo. Ndizvozvo chaizvo, nokuti izvi iChokwadi.

Iwe unoti, “Ko zvine mutsauko wazvinoita here?”

¹⁹ Zvakaita kuna Pauro. Vakabvunza kuti vaive vakabhabhatidzwa seyi. Ivo vakati vaive vakatobhabhatidzwa kare naJohane, murume akabhabhatidza Jesu. Pauro akati vaifanirwa kuuya vobhabhatidzwazve, zvakare, nemuZita ra “Jesu Kristu.” Uye hapana kana munhu mumwe muBhaibheri akambobhabhatidzwa nemuZita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.”

²⁰ Hapana kana vanhu vakambobhabhatidzwa saizvozvo kusvikira panguva yekurongwa kwechechi yeKatorike paLao. . . Lao-Nicaea, paKanzuru yeLao-Nicaea paLao-Nicaea, Roma. Ndipo apo munhu wekutanga paakabhabhatidzwa, pachishandiswa madunhurirwa.

²¹ Mumwe muchinda akati kwandiri rimwe zuva. Ini ndakati, “Zvino, kana. . . ‘Ishe Jesu,’ ndiro Zita raKe.” Iye akati. . . “Saka,” ini ndikati, “kana munhu akauya kwauri. . .”

Iye akati, “Handifunge kuti zvinoita mutsauko.”

²² Ndakabva ndangomubata padzidziso yake. Ini ndakati, “Zvino munhu akauya kwauri achiti, ‘Ndakabhabhatidzwa muZita reRuva reSharoni, Hapa yemuMupata, uye neNyeredzi yeMangwanani,’ iwe ungati here ‘ameni’ kune izvozvo?”

Iye akati, “Kwete, changamire.”

Ini ndikati, “Iwe unga. . . Iwe ungamubhabhatidza here zvakare?”

Ndokuti, “Hongu, changamire.”

Ini ndikati, “Ko unomubhabhatidza seyi?”

Iye akati, “Ndinomubhabhatidza nemuZita ra ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’”

²³ Zvino ndikati, “Ndiyo nzira yandingamubhabhatidza nayo, hongu, muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Ini ndikati, “Zvino, ‘Ruva reSharoni, Hapa yemuMupata, neNyeredzi yeMangwanani’ harizi zita.”

Iye akati, “Ndizvozvo chaizvo. Idunhurirwa.”

²⁴ Ini ndakati, “Saka ndizvo zviri ‘Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.’ Zvino ndinomubhabhatidza muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene; uye Zita raBaba,

Mwanakomana, neMweya Mutsvene ndiro 'Ishe Jesu Kristu.' Ndizvozvo chaizvo. Saka ndokuti..." Zvino akazozviona, kuzvitenda, kana kurega.

²⁵ Yaive iri Hama Joseph Mattsson-Boze, wekuChicago, munhu aive akaomararisa wandati ndambotaura naye ndikabudirira, pazviri. Zvino ndinodaira kuti ndine vanhu vechitema vangaite zviuru zvitatu kana zvina vokubhabhatidza iko zvino, kana ndaendako kuAfrica navo, uye kuti vazobhabhatidzwazve zvakare.

²⁶ Zvino, saka tine kutenda zvikuru nokuda kweChiedza cheEvhangeri. Uye saka zvino, Jesu wakati, iYe paaive panyika, "Ini, zvaNdinonzwa, ndizvo zvaNdinotaura." Zvino ndichada kutaura kuti...kungoti edu anotevera, kwemaminitsi anenge gumi, kana gumi nemashanu, ndisati ndatora chidzidzo changu, uye chidzidzo chipfupi kwazvo, uye tobva tazova nemutsara wokunamatira. Ini ndasvika panzvimbo mushumiro yangu, apo pokuti ini...ndinofanira ku—kutaura chimwe chinhu. Zvino ini...

²⁷ Jesu akazvitaure. Kut iYe zvaakanzwa, ndizvo zvaAitaura. Uye iYe akati, "Ndakakudanai imi shamwari dzaNgu, zvino shamwari inoudza shamwari dzake zvinhu zvese."

²⁸ Pauro akati, muna Mabasa 20:27, "Handina kuregedza kukuudzai imi Zano rose raMwari." Maona?

²⁹ Zvino regai ndizvibanidzewo, manheru ano, uye ndotaura zvimwe chete pamwe nemutsvene mukuru uya wakare. Sokuzivisisa kwangu kwose, handina...handina kumboregedza, asi ndakakuudzai imi Zano rose raMwari.

³⁰ Mumwe munhu airidza imwe yamatepi, rimwe zuva. Zvino nokuti yakaita kuti mumwe munhu ashatirwe, vakavapfura nepahwindo, zvino mumwe mukadzi akakuvadzwa.

³¹ Saka zvichida mumwe musi ndichasimbisa chapupu changu. Asi kana nguva iyoyo yasvika uye zviru...ndakagadzirira kuenda. Kusvikira nguva yangu yasvika, hapana chinhu chiri kuzondikuvadza kusvikira nguva iyi. Maona?

³² Zvino, tinotenda muEvhangeri imwe chete, sokungonyorwa kwakaitwa Bhaibheri. Iro rakanyatsonanga. Zvino—zvino kana pfuti yakanyatsonanga, uye yakagadzirwa zvakanwana; kana ikarova pakatarisirwa kekutanga, ichaparova zvakare kechipiri, uye nenguva dzose.

³³ Kana muti, kana davi, muzambiringa, ukabuditsa bazi, uye bazi iri robereka mumwe muchero; nguva inotevera mu—muzambiringa ukabuditsa rimwe bazi, richabereka muchero wemhando imwe chete.

³⁴ Zvino kana Jesu ari Muzambiringa, uye isu tiri matavi; zvino Bazi rokutanga, Chechi, iyo Muzambiringa uyu wakabuditsa, yakanyora Bhuku reMabasa shure kwayo. Zvino Bazi rokutanga

iri rakabhabhatidza nemuZita raJesu Kristu. Uye vaive vana Mwari mupenyu pakati pavo, uyo akaita zvinhu zvimwe chete pakati pavo izvo zvaAkamboita apo Aive panyika. Saka, vanhu vakabva vava cherechedza, kunyangwe vaive vasingazive uye vasina kudzidza, kuti vaimbove naJesu, nokuti Hupenyu hwaKe hwaive nemavari.

³⁵ Sezvandakataura, kuti dai ndine mweya wa—waBeethoven mandiri, ndainyora nziyo. Kana Beet-...kana ini...Kana Beethoven achigara mandiri, ini ndinozova Beethoven. Maona?

³⁶ Kana Shakespeare achigara mandiri, ini ndinozova Shakespeare. Ini—ini ndainyora nhetembo, ne—ne—nemitambo, nezvakadaro, kana Shakespeare achigara mandiri.

³⁷ Uye kana Kristu achigara mandiri, mabasa aKristu uchaaita. Ndizvo. Zvinofanirwa kudaro. Zvino Kristu chii? Iro Shoko. Iye akati, “Kana mukagara maNdiri, Shoko raNgu mamuri, zvino kumbirai chose chamunoda; chichaitwa.” Nokuti, Shoko riripo, rinongoda Chiedza; zvino Chiedza chinoita kuti Rirame.

³⁸ Saka zvino ndichataura chimwe chinhu kwamuri, iko zvino, chandisati ndambotaura pese apa. Zvino, chinova, chinhu chatanga takatarisira kwenguva ndefu (tingati kwemakore akawanda, makore mana kana mashanu, kana pamwe kutopfuura), Kudhonza Kwechitatu, zvino kwakasimbiswa, uye ndine chokwadi chokuti mose munoziva kuti chii.

³⁹ Zvino rangarirai, hakumbozova nokutevedzera pazviri, nokuti hazvikwanisike. Munoono, hazvimbogoneki. Zvino kwavapo. Uye ini ndine...Ini ndakayambirwa nokuda kweizvozvi, kuti nenguva isipi...Ipo panguva ino kwakatoitika, kuti kuratidze huvepo hwako pakati penyu, munoono, asi hakuzoshandiswa nenzira huru kusvikira Kanzuru iyi yatanga kuomesa. Zvino kana yodaro, kana iyo yadaro...MaPentekosti, nevakadaro, vanotopotsa vatevedzera zvese zvinogona kuitwa. Asi kana nguva iyi yasvika, kana kumanikidzwa kwauya, zvino muchaona, zvamakamboona muchidimbu, zvichiratidza muhuzaro hwesimba racho. Maona? Maona? Maona? Maona?

⁴⁰ Zvino ndinofanira kuenderera mberi nekuvhangerera. Sekurairwa kwandakaitwa, pokutanga, ndinofanira kuenderera mberi. Naizvozvo, imi makava neShoko, uye munoziva zvekutarisira, kuti munomira sey. Ini ndinofanira kuenderera mberi nekuvhangerera. Uye, shamwari dzangu, rambai makadzikama, uye moramba muchienderera mberi, nokuti nguva iri kusvika nokukasika, munoono, ndipo apo chimwe chinhu pachichaitwa.

⁴¹ Zvino, munogona kuona tumwe tunhu tuduku tusinganzwisike tuchiitika pandiri. Hazvinei nechekuita nechivi; handireve izvozvo. Asi, ndinoreva, chimwe chinhu chisinganzwisiki pane zvinoitika nguva dzose. Nokuti,

pandasvika zvino, mushumiro, ndava kudzikira kuno uku, ndichitarisa panzvimbo iyo uye ndichimirira nguva yokuti ndizokushandisa. Asi, kuchazoshandiswa.

⁴² Zvino munhu wose anozviziva, kuti, semazvirokwazvo ekungoratidzwa kwakaitwa Kwekutanga, naizvozvowo Kwechipiri kwakaraidzwa. Uye kana mukanyatsofunga nepedyo, imi muri vemweya. Sekutaura kweBhaibheri richiti, “Hezvo kune uyo ane huchenjeri.” Kwechitatu kwakanyatsoratidzwa nemazvo. Maona? Isu tinoziva kwakuri. Saka, Kudhonza Kwechitatu kuri pano.

⁴³ Kwakayereswa kwazvo, zvokuti, handifanire kutaura zvakanwanda pamusoro pako. Sekuudza kwaAkandiita pakutanga, akati, “Uku, usataure chinhu pamusoro pako.” Munozvirangarira here, makore apfuura? [Ugano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kunozvitaurira kwoga. Maona? Asi imi. . . Ndakaedza kutsanangura kumwe kwacho, zvino ndikakanganisa. Uku ndiko kuchava chinhu, icho, sokuona kwangu. . . Ini handiti Ishe vakandiudza izvi. Ichi ndicho chichava chinhu chichatanga kutenda kweKubvutwa, kwekuzoenda. Maona? Maona? Uye zvicha. . .

⁴⁴ Ndinofanirwa kumbonyarara kwechinguva. Zvino rangarirai, uye uyo ari kuteerera patepi ino, unogona kuona shanduko mushumiro yangu izvozvi, ichidzikira, kwete kukwirira mudenga; ichidzikira. Tave chaipo pazera racho iko zvino, uye hazvigone, hazvigone kuenderera mberi. Tinofanira kumira kwekanguvana kusvikira izvi zvaitika neche *pano* apa, zvozobatana, zvino nguva inozouya. Asi, kwakanyatsoratidzwa nemazvo.

⁴⁵ Pane nguva iri kuuya, muno munyika, pokuti nyika ino ichashandisa simba rose iro raive nechikara chakafanova mberi kwayo, iyo yaive Roma yechihedheni apo payakazova Roma yapapa, munoono, kuti nyika ino ichazviita.

⁴⁶ Zvakazarurwa 13 inozvitsanangura zviri pachena. “Gwayana rakabuda richibva panyika. Chimwe chikara chakabva mumvura,” mhomho uye nehuwandu hwevanhu. Gwayana iri rakauya paive pasina vanhu. Gwayana rinomiririra chinamoto. Gwayana raMwari. . . Uye, rangarirai, rakataura segwayana. Raive riri gwayana.

⁴⁷ Uye zvino, kwapera chinguva, rakazo. . . ndokugamuchira simba, rikataura seshato; uye rikashandisa zvose zve—zveshato, simba raive neshato yaive mberi kwaro. Zvino *shato* iyi “iRoma,” nguva dzose. Saka hamuone here? Sangano reRoma; “munembo,” sangano rechiProtestanti; “mufananidzo wechikara,” uchigadzira simba richamanikidza maProtestanti ese, sekunge mubatanidzwa. Munofanirwa kunge muri muKanzuru yemaChechi iyi, kana kuti hamuzogone kuwadzana. Kana ku—ku. . .

⁴⁸ Saka, zva—zvave saizvozvo zvino. Haukwanise kuenda kucheche wonoparidza kusvikira wava nekadhi rehuhengo kana chimwe chokuzvizivisa. Uye zvino, pane vanhu vakaita sesu, tichabviswa pane zvose izvi, zvachose, ndizvozvo chaizvo, nokuti havazokwanisa kuzviita.

⁴⁹ Zviri kutoomesa. Zvino ipapo kana nguva iyi yasvika, uye kumanikidzwa kwasvika panzvimbo yokuti unomanikidzirwa kunze, zvino chicherechedzai zvandave kuda kukutaurirai mumaminitsi mashoma. Tarisai Kudhonza Kwetatu zvino, munoono, zvino kunenge kuri kune vakanyatsorasika zvachose, asi ku—kuchange kuri kweMwenga neChechi.

⁵⁰ Zvino tave pedyo kupfuura zvazviri kuratidzika kuva. Handizive kuti riinhi, asi zvave pedyo kwazvo, chaizvo. Ini ndinogona kunge ndiri kugadzira hwaro kuitira kuti mumwewo munhu azomirapo. Ndinogona kutorwa nguva iyi isati yasvika. Ini handizive. Zvino nguva iyi inogona kuve svondo rinotevera, apo Mweya Mutsvene uchauya ne. . . uye wounza Kristu Jesu. Anogona kuuya vhiki rinotevera. Anogona kuuya kana manheru ano. Ini handizive kuti Anouya riinhi. Iye haatiudze izvozvo.

⁵¹ Asi ndinotenda, kuti tave pedyo kwazvo, zvokuti handigone kufa nokuda kwekuchembera. Kunyange, pamakore makumi mashanu nemana ekuberekwa, handimbofa nekuda kwekuchembera, kusvikira iYe ave pano. Maona? Asi kutoti ndapfurwa, ndauraiwa, kana zvimwe zvakadaro, neimwe nzira ndauraiwa, kungochembera bedzi hakugone kundiuraya, kusvikira iYe auya. Zvino ndinozvitenda izvozvo.

⁵² Zvino ndinoda kutaura izvi. Handisati ndambozvitaura kumashure. Asi maererano neGwaro, maererano nezvaAkataura makore makumi matatu akapfuura; makore makumi matatu nematatu akapfuura parwizi zasi uko, muna 1933, waro; izvo zvaAkataura, zvinhu zvose zvakanyatsoitika nemazvo. Ndinogona kutadza kuzviita, asi Mharidzo ino ichazivisa Jesu Kristu kunyika. Nokuti, “SaJohane Mubhabhatidzi akatumwa kufanoenda mberi kwekuuya kwekutanga, ndizvo zvimwe chete neMharidzo ino ichafanotungamira Kuuya kwechipiri.” Zvino Johane akati, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.” Maona? Saka, izvozvo, zvinoenderana nazvo pane zvose. Zvino ndinoziva kuti zvichadaro, Mharidzo ichaenderera mberi.

⁵³ Zvino, pane zvinhu zvikuru zvakaitika pakufamba munzira. Mangwanani ano ndange ndine naurirano mukamuri pano. Zvino mumwe mu—muchinda wechidiki, ane zita rokuti Autry, anogona kunge achiri muno manheru ano. Anobva kuSan Antonio, Texas. Auya kuzobvunza kana. . . patinozoenda kuDallas, tichibva kuCalifornia; dai taizokwanisa kupfuura humwe husiku humwe chete nepatabhanakeri pavo, kwehusiku humwe bedzi. Zvino vari kutarisira kwazviri, muzuva rinotevera

kana maviri, kuona kana tingazokwanisa kuzviita here. Zvino anga achindiudza pamusoro. . . Handisati ndambosvika kuSan Antonio kubvira pamusangano uya wekutanga.

⁵⁴ Zvino, musangano wekutanga, pandakauya kuSan Antonio. Ndakange ndiriko, ndinofunga, naHama Coote uye neve—neve International Bible School. Zvino ndakanganwa odhitoriyamu yatakaitira musangano mairi. Uye ndinodaira kuti waive husiku hwangu wekutanga kana hwechipiri, ndinofunga kuti waive husiku wekutanga, apo ndaifamba kuenda kupuratifomu, mumwe munhu ndokusimuka muchivakwa, kumashure-shure, zvino ndokutaura nendimi, kunge chi—chigwagwagwa chiri kuridzwa. Zvino akange asati ambogara pasi, munguva imwe kana mbiri, zvokuti mumwe ndokusimuka papuratifomu uye ndokubva apa dudziro.

⁵⁵ Zvino ndakamira, pane zvaakataura. Zvino ndokuti kumurume wacho, “Unoziwa murume *uyu* here?”

Akati, “Kwete, changamire.” Uye ndokuti. . .

Ndakati, “Ko wauya sei kuno?”

⁵⁶ Iye akati, “Vanhu vandinoshandira, vanga vari. . . vanga vari pano manheru ano, zvino vandiunza.” Iye ndi. . . aive mukomana anofudza mombe.

Uye ndikati, “*Iwe* unoita nezvei?” Akati. . . “Unomuziva here?”

⁵⁷ Akati, “Kwete, changamire. Handisati ndambomuona.”

⁵⁸ Zvino ndikati, “Uri chii iwe?” Aive mu—mutengesgi muguta.

⁵⁹ Saka zvavakataura mu—mu. . . Zvino, ndaipota, ndisati ndadzidza zviriri nani, ndakange ndine kakushora kaduku pakutaura nendimi; ndaifunga kuti zvizhinji zvacho zvaive zvemunyama, zvino zvinogona kudaro. Asi izvi pazvakataurwa, dudziro yacho yaive yakafanana nezvakataurwa neNgirozi yaShe zasi kurwizi, makore gumi nerimwe zvisati zvaitika, “Sekutumwa kwakaitwa Johane muBhabhatidzi kuti afanozivisa kuuya kwekutanga kwaKristu, iwe wakatumba kuti uzofanomiririra kwechipiri.” Maona?

⁶⁰ Saka hezvoka zvaivepo, apo Ngirozi iya, Chiedza chiya chakanyatsosimbiswa zvizere. Zvose nechechi, neShoko, nesainzi, uye nezvese, zvakachizivisa. Chiedza ichocho, kwekutanga kwaCho kuonekwa paruzhinji, chakamira pamusoro chaipo pandainge ndimire; nguva dzingaita two o'clock masikati, muzasi mebhiri uko, pano pazasi peSpring Street, mumvura. Zvino, ave makore, nemakore akawanda apfuura. Uye chaizvo zvaChakataura, zvakaitika, chaizvoizvo nemazvo.

⁶¹ Hama iyi pano yanga ichindiudza, mangwanani ano. Akaroora musikana muchechi pano, mwanasikana weHanzvadzi Noyes. Zvino handizive, ndinodaira kuti murume wechidiki. . .

Muri pano here, Hama Autry? Handizivi. Aive ari weku San Antonio. Handizive kana ari pano kana kwete. Anga ari pano mangwanani ano. Uye anga achindiudza. Ndinotenda kuti ndisekuru vake, pamusangano iwoyo, vaive vane tsviyo hupenyu hwavo hwose, zvino vakaunzwa ipapo.

⁶² Kwaive kweKutanga, kutanga kweshumiro, apo paChakataura izvozvo, uye kunzvera, kwaive kuisa maoko avo pamusoro perwangu, saka zvaizotaurwa zvaive chaizvo zvazvaive. Zvino ndakakuudzai, uye vakawanda zvapupu manheru ano, kuti paizovika apo pandaizoviva zvakavanzika zvemoyo yavo. Imi munozvirangarira izvozvo, zvisati zvamboitika? Kwopera makore mashanu kana matanhatu, izvi zvakaaitika; kumusoro kuCanada, kekutanga kwazvo, izvozvo zvakaaitika. Zvino Akati, “Kana ukaramba wakaperera, zvicharamba zvichienda mberi.” Zvino chinhu Chetatu chakaaitika, munoono, zvichingoramba zvichienda mberi.

⁶³ Zvino akati baba vake vakaiswa mumutsara, ndokuudzwa nezvetsviyo idzi, nezvakadaro, uye vakanamatirwa munamoto. Zvino atove makore gumi nematanhatu apfuura, ndinofunga ndizvozvo, kuda makore gumi nematanhatu kana gumi nemanomwe akapfuura. Zvino anoti havasati vambobatwa nadzo kubvira ipapo. Zvino vave nemakore angaite makumi masere nemashanu, havasati vambobatwa nadzo kubva ipapo. Chii ichocho? “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

⁶⁴ Ko Margie Morgan ari muchivakwa muno here? Hanzvadzi Margie Morgan, mudzimai akange adyiwa nekenza; ari mukoti. Vangani vanorangarira Hanzvadzi Morgan? Kana vari pano, havakwanise kupinda. Vaive mukoti. Munoono, vari pamazita evanhu vane kenza muLouisville, mudzimai uyu akafa kwemakore gumi nematanhatu, gumi nemanomwe, ari pamazita evanhu vaive nekenza muLouisville.

⁶⁵ Apo Jim Tom Robertson, gweta, gweta reChikristu, akanzwa nezvazvo, akaenda kuBaptist Hospital, kuti anoona kuti zvakange zviri izvo here, nokuti baba vake vaive pabhodhi, mutirastii weBaptist Hospital. Zvino vakatarisa nyaya iyi, zvino mukadzi wacho aifanirwa kunge akatofa, makore akapfuura. Zvino ari kuita basa rehukoti paJeffersonville pano, muchipatara. Paakamira pamberi pano chaipo, apo pavaitofanira kumubata, asitombori mupfungwa dzake. Asi yakange iri ZVANZI NAJEHOVHA, zvino ari kurarama. Akadzokera kunoita mukoti, muLouisville.

⁶⁶ Zvino mumwe muchinda zasi kuno, kunzvimbo yekwaSchimpff's Candy. Ko VaSchimpff varipo here manheru ano? Ndinoda kuti vazvitaure, kana varipo. Sonny Schimpff, murume mukuru ane hutano. Nguva dzakawanda pandaimbo...

67 Ndinovenga kutaura izvi, asi ichokwadi. Baba vaisindipa kobiri remasenzi gumi ndikashanda vhiki rose, zvino ndaiuya kudhorobha zvino ndopaka bhasikoro rangu kweHama Mike Egan, mumwe wematirastii pano. Pamwe chete naJimmy Poole, ndinofunga kuti mwanakomana wake ari pano manheru ano; Jim neni, naEarnest Fisher, taizodzika zasi mudhorobha, uye toenda kunoona bhaisikopo remasenzi mashanu, apo taisiona mifananidzo yekare isingafambe. Taive tiri vana vadiki, zvino taitoda, tingati makore masere, gumi okuberekwa. Taive tine uya William S. Hart. Vazhinji yenyu vanhu hamuchamurangarira, mutambi wemumabhaisikopo wekare. Mifananidzo isingafambe; uye ndakange ndisingagone kuverenga. Ndaingotarisa zvainge zvichiitika. Saka zvese zvaizotaurwa muzvinyorwa, asi handaikwanisa kuzvibatanidza, asi ndaitarisa zvaaiita.

68 Zvino ndinenge ndine rimwe kobiri remasenzi mashanu padivi. Zvino ndivanani vanorangarira vachiwana koni yeazikirimu yepeni? Zvakana. Zvino ndaiwana makoni matatu eaizikirimu, nezvihwitsi zvema red hots zvemapeni maviri. Ndaitadza kubata koni yeazikirimu, saka ndaizoadya. Zvino ndaizatora mared hots emapeni maviri, aigona kusvika hafu yepaundi yezvinhu izvozvo. Zvino Schimpff's ndiyo yaiagadzira. Saka ndaipinda imomo, ndogara shure ndichitarisa William S. Hart.

69 Zvino muchinda muduku uyu, aive mukuru kwandiri zvishoma, akarohwa nechirwere, zvokuti vanamazvikokota vashanu vane mukurumbira vekuLouisville vakamutadzirira, achirema mapaundi angaite makumi mana nemashanu, uye achifa. Mai Morgan vaimurapa. Zvino akange ari muchinhanho chakadaro! Aive nezvinhu zvakawanda; mapapu ake aive aparara, huro yake yaive yaparara. Tumaoko twake tudiki twaive twakakura *sezvizi*, zvino aive arere ipapo, achifa.

70 Zvino Mai Morgan vakadaidzwa kuti vauye kubasa. Zvino vakati kwaari, “Ndaimbove murwere wekenza,” vakabva vatanga kumuudza.

71 Akati, “Mati ani, Billy Branham? Nhai,” akati, “Ndakamutengesera zvihwitsi zvema red hots nemakoni eaizikirimu zvakawanda.” Akati, “Handizive kuti haagone here kuuya ondinamatira?” Zvino ndakaenda ndikanonamatira Junie Schimpff.

72 Zvino kana uchida kutaura naye, ndewe paSchimpff's Candy zasi kuno, gonhi rinotevera, kana gonhi rechipiri kubva paLeRose Theatre, uchidzika nenzira. Schimpff's Candy, mese pano munoziva kuti iri papi. Ini zvangu, ndiyo yedzimwe nzvimbo dzekare-kare muno muJeffersonville.

73 Zvino arere ipapo, achifa, paine vanamazvikokota vashanu vangomupa maawa mashoma ekurarama. Yaive ZVANJI

NAJEHOVHA, “Hauzi kuzofa; asi uchanditengesera zvakare mared hots, pakaunda.” Refu. . .

⁷⁴ Zvino ndinoziva kuti akapora, asi ndakange ndatokanganwa nezvazvo kare. Zvino ini nomudzimai taidzika zasi kuti titenge zivhwitsi, patakauya kano paKisimusi. Zvino hameno, handizivi, kuti takambofunga sei nezve Schimpff’s. Nokuti, kazhinji, ndinoenda kuno kune zvimwe zvitoro izvi zvinotengesa mishonga ndonotora, asi takamira pamberi peSchimpff’s.

⁷⁵ Zvino pandakapinda mukati, hanzvadzi yake yakatarisa, zvino akati, “Zvakanaka, Hama Branham.” Akati, “Munorangarira Junie here?”

⁷⁶ Ndikati, “Hongu.” Zvino ipapo, muchinda muhombe kwazvo, akasimba, anoratidzika kuva nehutano.

⁷⁷ Zvino ndakafamba ndokuenda pakaunda, ndikatarisa, ndakatarisa pasi *sezvizi*. Ndikati, “Ndichatora paundi yema red hots ayo.”

⁷⁸ Zvino akati, “Hongu, changamire.” Saka, hanzvadzi yake yaive ichibatsira mudzimai wangu. Zvino, saka, akaabuditsa panze.

⁷⁹ Zvino ndikati, “ndaigara ndichiadya, kare-kare, pano apa munoonekwa mabhaisikopo”; musoro wangu uri pasi.

Akati, “Hongu,” akati, “vana vazhinji vanoatenga.” “Vachiri kuatenga,” ndakadaro.

Akati, “Baba vangu vakazvigadzira, ndivo vakaita magadzirirwo acho.” Ndikati, “Ndinoafarira zvakanyanya.”

⁸⁰ Zvino, mushure mokunyatsoagadzirisa akabva anditambidza, akati, “Pane zvimwe here?”

Zvino ndakati, “Handizivi,” zvino ndikabva ndasimuka. Oo, ini zvangu! Iye akati, “Hama Branham!”

⁸¹ Ndikati, “Heano mared hots, aya, andakakuudza, ‘ZVANZI NAJEHOVHA,’ makore anenge mashanu apfuura.”

⁸² Akati, “Hama Branham, ndakanyatsopodzwa zvakakwana, hapana kana chimwe chinetswa. Ndiri kunetseka nokunzwa munzeve imwe chete.” Ndinofunga kuti ari kumakore ekumakumi mashanu. Akati, “Ndiri kunetseka nokunzwa munzeve imwe chete, nokuti vakandipa mishonga wakawanda wekudzivirira hutachiona pandakange ndiriko.” Nyasha dzinoshamisa dzaJesu Kristu!

⁸³ Zvino handina nguva yakawanda zvino yokutaura chimwe chinhu, asi ndi—ndi—ndinoda kutaura chitaurwa ichi.

⁸⁴ Vangani vanorangarira pamusoro petsindi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Rakange riri Gwaro raindivhiringidza, muhupenyu hwangu, rokuti ini—ini handina kugona kurinzwisisa.

85 Zvino paive nerimwe raindivhiringidza, rekuti apo Mosesi aigona kuudza Mwari nzira iri nani inopfuura yaizivikanwa naMwari yekuita chero chii hacho, apo Mosesi akati, “Vanhu vachati, ‘Mwari wenyu akagona kukuburitsai kunze, asi haana kugona kukuchengetai,’” saka Mosesi akazvikandira pamukaha. Zvino mberi uko ndakazooona kuti, Mosesi, uyo akange ari Kristu muna Mosesi, achimiririra vanhu. Maona?

86 Saka zvino paGwaro iri, randakange ndisina kumboparidza pamusoro paro, “Kana ukati kugomo iri, ‘Sudurutswa.’” Zvino munoziva nyaya yacho, saka ndichapfuura izvozvo. Zvino, chokwadi handina kuziva kuti izvi zvaitungamira kupi. Zvino ndinofunga kuti Hama Wood neHama Fred, nevamwe, vari muno muchivakwa chino, avo vaive varipo pazvakaitika, kana kuti mushure mekunge zvichangoitika.

87 Zvino Hama Rodney neHama Charlie, vanobva zasi kuKentucky, hanzvadzi yeHanzvadzi Wood uye nevamwe vaivepo pazvakaitika zasi kuKentucky, kari kechipiri kazvakaitika. Kungotaura zviri nyore zvichibva zvavepo, zvinhu zvainge zvisipo. Maona? Kutaura, nguva dzose, uye zvichitsigira Magwaro, nokukurudzira.

88 Rwetatu pazvakaitika paive pana Hattie Wright. Hattie ari pano here manheru ano? NdewaEdith . . . Vangani vanoziva Hattie Wright? Hama Wood neni taive tigerepo pazvakaitika, zvino apo Mweya Mutsvene wakati, “Mupe zvaanoda,” zvino taitaura pamusoro peizvozvo, kuti tsindi dzakavepo sei.

89 Zvino ndakati, “Ndicho, chinhu choga chiripo, ndiYe Jehovha-Jire. Apo Abrahamama paaida gondohwe, Mwari vakamupa gondohwe racho. Zvino iYe wakapa tsindi. Anogona kutaura tsindi kuti ivepo, nokuti iYe musiki, zvimwe chetezvo sezvaAkakwanisa kutaura gondohwe. Abrahamama haana kumbobvira arikumbira. Akanga achangoenderera mberi achizviita, asi zvakaraidza kuti Jehovha-Jire waivepo.”

90 Pandakataura izvozvo, kamudzimai kaduku kakazvininipisa . . . Kaive kwokutanga kuti zviitike, Kudhonza Kwetatu, pamunhu, aive mudzimai mudiki, akazvininipisa.

91 Ipapo, vachiwana tingati mazana maviri emadhora pagore, zvekurarama kwavo, zvose zvavaiwana kubva mukapurazi kavo kaduku. Murume wavo akafa; vana vaviri vakange vapanduka kuita ndururani. Zvino vakauya ndokubvisa madhora makumi maviri, yeiyoyo, pakuvakwa kweTabhanakeri ino. Zvino Meda akange andipa mari mangwanani iwayo yechikafu, madhora makumi maviri, zvino ndaida kuidzorera kwavari zuva iroro, pandakange ndiri zasi ikoko, kuitira kuti havaizofanirwa kuibhadhara. Asi vakaramba kuitora. Saka zvino . . .

92 Vakange vagere shure mukona, zvino pandakati, “Chinhu chimwe chandinoziva, ndechekuti, Achiri Jehovha-Jire.”

⁹³ Zvino Hattie muduku akataura shoko rakafanira. Akati, “Hapana chimwe kunze kweChokwadi.”

⁹⁴ Saka paakataura izvozvo, Hama Banks Wood pano ndivo mumwe aivepo, mumba umu makaita kunge muchapamuka. Zvino Mweya Mutsvene wakati, Izwi rimwe chete rakataura nezvetsindi, rakati, “Mupei zvaanokumbira.”

⁹⁵ Zvino ndakati, “Hanzvadzi Hattie, sechapupu pamberi paMwari, izvi ndizvozvo. Zvino, kana pane kupokana mupfungwa dzenyu, kumbirai chamunoda, zvino kana zvikasaiswa pamakumbo enyu, ipapo ndiri muporofita wenhema.”

⁹⁶ Vakati, “Hama Branham.” Zvino munhu wose aichema. Zvikanzi, “Zvino ndinokumbira chii?”

⁹⁷ Ndikati, “Muri murombo, uye munogara pachikomo pamusoro apo, musina mari; munogona kukumbira izvozvo. Mune munin’ina, muduku akaremara agere apo, Edith, watakanamatira, kwemakore; munogona kukumbira kupodzwa kwake.” Ndakati, “Baba namai venyu vachembera uye havachisina hutano; munogona kuvakumbirira. Chero chipi chamungakumbire, Hanzvadzi Hattie, onai zvino kuti zvinoitika here kana kwete, iko zvino.” Zvino ndikati, “Achangobva kundiudza, Izwi rimwe chetero, rati, ‘Mupe zvaanokumbira.’”

⁹⁸ Zvino vakatarisa-tarisa, ndokuti, “Zvino ndoti kudii, Hama Branham?”

⁹⁹ Zvino ndikati, “Taurai kuti chishuwo chenyu chii. Nyatsofungisisai chishuwo chenyu chikurusa, mobva machitaura.”

¹⁰⁰ Zvino vakomana vavo vaingunopfipfida uye vachiseka. Zvino vakati, “Chishuwo chikurusa chandinacho ndirwo ruponeso rwevanakoma vangu vaviri.”

¹⁰¹ Ndakati, “Ndinovapa kwamuri, nemuZita raJesu Kristu,” ipapo vakabva vauya.

¹⁰² Zvino vanga vakatendeka muchechi ino, nechirairo, tuvakomana tuduku twakagara apo tuchigezena tsoka nevarume, nezvimwe zvakadaro. Tose tiri zvapupu kwazviri.

¹⁰³ Vakave nesarudzo chaiyo. Mai vavo vachazofa, kana naivo, vose zvavo. Asi zvavakakumbira zvichagara muna Ziendanakuenda, neruponeso rwevana vavo. Ndiko kechitatu pazvakaitika.

¹⁰⁴ Kechina pazvakaitika, ndakazvitsanangura pano pandakapedzisira kuuya pano, ndakanga ndiri pagomo apo dutu paraisumuka nesimba. Vangani vakazvinzwa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Oo, mose zvenyu. Zvakanaka. Apo dutu raisumuka nesimba. Uye Mwari ari Mutongi wangu ndimire pano, ndichidzika negomo apo. . .

105 David Wood, ari pano pane imwe nzvimbo, ndinodaira kudaro, akandigadzirira sangweji, chokwadi yaive imwewo! Ndinodaira kuti aiedza kutsiva nokuda kweyandakange ndakagadzirira baba vake, makore mashoma apfuura. Ange ane porona, ne—nenyama uye nezvimwe zvose zvakasanganiswa pamwe chete. Zvino ndakaisa mushati yangu, zvino kwakanaya, zvino zvikabva zvaita kuti ive chisadza chimwe chikuru.

106 Zvino ndakange ndichidzika gomo. Kwaive kune dutu guru, ndaitadza kuona ruoko rwangu pamberi pangu, zvachose. Zvino ndinoziva, chinhu chimwe chete, unotenderedzwa, nokuti mhopo iyoyo inenge ichitenderera.

Zvino pane zvapupu pano, kune izvozvo.

107 Mumwe wavo ndoumwe wemadhikoni edu akatendeka, anove Hama Wheeler. Muri pano here, Hama Wheeler? Vari papi? Ehe, ipo pano, Hama Wheeler.

108 Hama Mann, muparidzi weMethodisti anobva kuNew Albany. Varipo here, Hama Mann, pano manheru ano? Handizivi kuti varipo here kana kwete.

109 Hama Banks Wood. Muri pano here, Hama Banks? Vari mukamuri yekurekodha. Zvakanaka. Na—naDavid Wood.

110 Uye Hama Evans vaive varipo, ndinotenda. Ndizvozvo here, Hama Evans? Hama Evans, vakamira nemadziro, vaivepo.

111 Vaive vashambadzira paredhiyo kwemazuva, mazuva maviri zvisati zvaitika, “Dutu guru rine simba raizotsvaira nyika.”

112 Hama Tom Simpson vari pano manheru ano. Pavaibva kuCanada, vakavaudza kuti vanyenyeredze ikoko nokuti havaizokwanisa kupfuura, “Dutu guru raiuya.” Hama Tom, muri pano here? Muri papi? Ava vari pano, vagere pano chaipo.

Zvino ipapo makore akauya. Zvino ndakati, “Hama . . .”

113 Munhu wese akamhanya ndokubuda kunze. Hapana aivepo seri ikoko, kubva pakati pevarume zana nevanoraudzira seri ikoko, kwakanga kusina munhu seri ikoko kunze kweboka redu duku nemukomana wemombe, mutasvi. Zvino isu taizogara.

114 Zvino ndakafonera Hanzvadzi Evans, kuti ivo vafonere mudzimai wangu uye vomuudza kuti audze Tony, “Kuti kana ndisina kunge ndazobuda, wanai mumwe munhu kuti abate nzvimbo pakusvuvura kwemangwanani kweveBusiness Men.”

115 Zvino pamusoro pegomo mu—musi iwoyo, ndakati, “Zvino kana, mvura shoma yokutanga painotanga, kana zvakadaro, mhanyirai kumusasa.” Ndakati, “Mukati memaminitsi gumi kana gumi nemashanu haukwanise kuona ruoko rwako pamberi pako, kana madutu aya...rinoisa mafiti makumi maviri echando munguva duku, pamusoro pegomo.”

116 Zvino ndicho chikonzero vanhu, munozviverenga mupepa, kuti vanenge variko ikoko vobva vaparara, nezvose. Asi

taiziva kuti taibuda sei, uye vaiziva kwataive tiri, saka takatungamirirwa kuti tigare.

¹¹⁷ Zvino pamusoro pegomo, pakatanga dutu iri, ndakatanga kudzika pasi. Zvino ndakange ndave hafu yemaera kubva pandaive ndatangira, zvino Inzwi raMwari ndokuti, “Tendeuka udzokere kwawabva.”

¹¹⁸ Saka ndakadzokera sokutaura kwaAive aita, mushure mekumira kwechinguva ndichidya sangweji iya yandakapihwa naDavid, zvino ndokudzokera kumusoro kuya ndokugara pasi.

¹¹⁹ Zvino ndakagara ipapo, uye mhengo iya ichimonyoroka nokuvhuvhuta, misoro yemiti yakarereka kwazvo, zvino mvura ine chando pamwe nechando zvichibhururuka saizvozvo, Izwi rakati, “Ndini Mwari wezvisikwa.”

¹²⁰ Ndakatarisa mudenga, zvino ndokufunga, “Zviri kubva kupi izvi? Yanga iri mhengo, zvichida.”

¹²¹ Akati, “Ndini ndakasika matenga nyenya. Ndakanyaradza mhengo huru pamusoro pemakungwa,” rikaenderera mberi richitaura.

Ndakakwakuka ndokubvisa ngowani yangu.

¹²² Zvino Akati, “Ingotaura kudutu, zvino richamira. Chose chauchataura, ndizvo chaizvo zvichaitika.”

¹²³ Zvino ndakati, “Dutu, iwe mira. Zvino, zuva, iwe vheneka samazuva ose kwemazuva mana, kusvikira tabuda muno.”

¹²⁴ Ndisati ndatopedza kutaura izvi, kusvikira mvura ine chando, chando uye nezvese zvakamira. Muchinguva chimwe kana mbiri, zuva rinopisa raipenya kumusana kwangu. Ndakaona mhengo dzichivhuvhuta *sezvizvi*, ichibva kuChamhembe, youya ichidzika... ndinoreva ichibva kuMabvazuva, ichibva kuMabvazuva. Yaibva kuMadokero; mhengo dzakashanduka zvino ndokudzoka nekuno *uku*. Uye makore, sechinhu chisinganzwisiki, achisumuka kuenda mudenga, zvino zuva ranga rava kupenya mumaminiti mashoma.

¹²⁵ Zvino Ishe Jesu vakazotaura neni pamberi zvisoma, pamusoro pemudzimai wangu zasi ikoko, sekuziva kwenyu, pamusoro pekuenda kwangu kumusoro ikoko. Handisati ndambogara kumba pazuva remusi wekuchata kwedu nazvino, zvino taroorana kwemakore makumi maviri nemaviri. Zuva rokutanga remusi wekuchata kwedu, rokutanga, pamuchato wedu, saka, ndakamutora kuenda parwendo rwokunovhima. Nokuti, handaikwanisa kutora rwendo rwokuvhima, uye—uye—uye toenda kunosasana shure kwemuchato, zvakare, saka nda—ndakazviisa pamwe chete. Zvino saka, ipapo, zvino ndagara ndichingovhima kubvirira ipapo. Ndakanzwira nzira yandinomubata nayoy.

Zvino, kakange kari kechina pazvakaitika.

126 Zvino hepano chimwe chinhu chandi—ndinoda kutaura, zvino ndinofanira kutaura chokwadi chaicho. Tingati makore gumi nematanhatu apfuura ndakanga ndiri kuCalifornia pamwe chete naHama John Sharrit, ndakange ndine musangano. Zvino Meda neni, uye neHama Sharrit neHanzvadzi Sharrit, nevamwe, taive tichigara muhotera. Zvino mumwe murume anonzi Paul Melikian, akambomira pano muTabhanakeri ino nguva zhinji; muArmenian akapfuma. Zvino mudzimai wavo aive abereka mwana kuFresno, California, uko kwavaigara; zvino vaive vauya, vakauya nemudzimai wavo, zvino ndokundifonera pahotera, uye ndokuti, “Ndinogona kuuya nemudzimai wangu here, Hama Branham?”

Ndakati, “Hongu, munogona.” Zuva raitevera, ndaienda kuCatalina.

127 Zvino vakauya nemudzimai wavo, zvino mudzimai muduku airwara zvakanyanya! Zvino mudzimai akatarisa . . . ndikati, “Isai ruoko rwenyu pane rwangu, Hanzvadzi Melikian,” ndikati, “tichaona kuti Ishe vanotiudza here.” Zvino pavakangoisa maoko avo pamusoro pangu, ndakati, “Oo, chirwere chemuzvere chekuzvimba gumbo.”

Vakati, “Handina kana manzwiwo anozviratidza.”

128 Ndikati, “Tarisai.” Mumazuva maviri, vakange vovarapa chirwere chekuzvimba gumbo.

129 SaJimmy Poole mudiki pano, mwana wake muduku. Rimwe zuva akauya pano nechirwere chemoyo, vakafunga, kuti aive abatwa neasima. Zvino ndakaisa ruoko rwangu paari. Ndikati, “Mutarisei kwemazuva mashoma; ane gwirikwiti. Riri kuuya. Ifivheri.” Ndakasangana naye manheru apfuura. Vakati iye akabuda, pese-pese, gwirikwiti. Maona?

130 Zvino, ndaitaura neHanzvadzi Melikian, neruoko. Vakati, “Chinhu chinoshamisa, kuzvitarisa izvi, Hama Branham.” Ndokuti, “Zvinoshanda paruoko rwese here?”

131 Ndikati, “Tingati, kana pane chakakanganisika nemurwere.” Ndikati, “Zvino pano, ndave kuisa ruoko apa,” vazhinji venyu makamira mukazviona, uye zvikaramba kuita. Ndikati, “Hepano, hapana chakakanganisika nomudzimai wangu, ndikaisa ruoko rwake . . .”

132 “Tarisai pano, mudiwa, isa ruoko rwako pane rwangu.” Vagere apo, mudzimai wangu. Akaisa ruoko rwake pane rwangu. Apo paakangoisa, ndakati, “Une bundu munhego yekuruboshwe yechibereko. Une chirwere chemadzimai.”

Uye akati, “Hapana mutsauko wandinonzwa.”

133 Ndikati, “Asi unaro.” Becky aive nemakore maviri okuberekwa. Mwanasikana wangu abva kuridza, chinguvana chapfuura, aive nemakore maviri okuberekwa.

¹³⁴ Makore maviri aitevera, Sarah akauya, zvino paka... Akauya neoparesheni. Zvino ndakakumbira Chiremba Dillman, chiremba wedu mu—muCorydon, kuti, “Kana mamuvhura, tarisai munhego yekuruboshwe yechibereko,” uye vakazviita.

Vakati, “Hapana chakakanganisika, chandakaona.” Ndakaisa ruoko rwangu; rakanga richiripo.

¹³⁵ Makore mana akatevera Joseph akauya. Ndakamukumbira kuti atarise zvakare. “Hapana chakakanganisika, sokuona kwangu.” Ndakaisa ruoko rwangu; rakanga richiripo. Saka takangokanganwa nezvaro.

¹³⁶ Zvino ichi chimwe chinhu chandinofanira kutaura. Handidi kuzvitaure, asi zvinongofanira kuita kuti zvive chokwadi, munoono, uye ndizvo zvamunoda. Nguva dzose taurai chokwadi, hazvina basa kuti kwaitikei.

Makore akapetana, hatina kunge takazvicherechedza.

¹³⁷ Zvino ndinotaura izvi, kwete nekuti agere pano, nokuti ndinotaura kunyangwe asipo. Uye munozviziva izvozvo. Handifunge kuti pangaite mudzimai ari nani pasi rose anopfuura mudzimai wangu, uye ndinotarira kuti acharambira akadaro. Uye ndinoda kuve murume akatendeka, uye ndinodaira kuti murume wese wechidiki muchivakwa chino, paanzoroora, anowana mudzimai anenge mudzimai wangu. Handizive kuti inguva yakareba seyi yatichagara takadaro, asi ndinotenda kuti mazuva ose ehupenyu hwedu panyika. Tanga tichifara kwazvo tiri pamwe chete. Mwari ndivo vakandiudza kuti ndimuroore.

¹³⁸ Panguva imwe cheteyo, iye asingazive, ndaiedza kuti ndisamuroore; kwete nokuti ndakange ndisingamude, asi nokuti handaifunga kuti ndaikwanisa kuwana zvinomukwanira muhupenyu. Zvino aive mudzimai akanaka kwazvo, uye ndakange ndisingakodzere izvozvo.

¹³⁹ Zvino akaenda kundonamata, achibva avhura Bhaibheri. Zvino fungaiwo... Akati, “Ishe, handisati ndamboita izvi shure, asi ndipeiwo Rugwaro rinogona kundibatsira. Kana ndichifanira kumukanganwa, ndinofanira kuzvikanganwa.” Akavhura Bhaibheri. . .

¹⁴⁰ Zvino akaenda kune kamwe kanzvimbo kemumvuri kaduku ndokubva anamata. Zvino paakavhura Bhaibheri, “Maraki 4. Tarira, Ndinotumira kwauri Eria muporofita kusati kwa...” Ave—ave makore makumi maviri neanoraudzira apfuura, ndisingazive kana chii nezveshumiro yezuva rino. Zvino ndakange ndiri. . . hazvaigona. . .

¹⁴¹ Ndaive ndakarara parwizi apo. Zvino iYe ndokundimutsa—ndokundimutsa, humwe husiku, zvino ndakaMunzwa akamira pamukova. Akati, “Enda unomutora, uye muchato wenyu uchava muna Gumiguru uno anouya, zuva remakumi maviri nematatu.” Zvino ndizvo chaizvo zvandakaita. Zvino

takararama nomufaro. Nenyasha dzaMwari, hatina kana kumbotukana. Anga achingori chido chemoyo.

¹⁴² Rimwe zuva ndakapinda. Uye akatokudza vana ava ari oga; ini ndaenda kushumiro. Vakadzi vashoma vanogona kumirira zvakadaro; munozviziva izvozvo, vanova vakaomarara. Zvino ndakapinda mukati, uye akataura chimwe chinhu kana zvakadaro. Zvino tina Joseph shure uko, zvino iye... Chokwadi pane zvemukomana! Zvokuti akabatsira kuisa rimwe bvudzi jena mumusoro wamai vake, sezvandakaitawo ini. Saka aive mukoma chaiye, uye aive aita chimwe chinhu chakaipa kwazvo. Zvino ndakati kumudzimai... Akati kwandiri, “Bill, chimbomurova.”

Ndikati, “Handina kana hushingi hwekuzviita.” Maona?

¹⁴³ Zvino akati, “Hongu, dai wanga uri iwe uchizviitirwa,” zvino akabva arovera gonhi pamberi pangu chaipo.

¹⁴⁴ “Zvino,” ndakafunga, “zvakanaka hazvo. Munhu muduku anonzvisa tsitsi anga asingareve kudaro.”

¹⁴⁵ Zvino ndakabuda panze kunogeza motokari yangu. Zvino pandakabuda panze ipapo, Mweya Mutsvene hauna kuzvifarira; Akati, “Enda unomuudza mudzimai,” ndinotenda kuti maKoronike Echipiri, chitsauko 22. Handina kuenda. Ndakafunga, pekutanga, ndangozvifungidzirawo izvi. Ndakaenderera mberi nokugeza. Zvino Iwo wakataura zvakare, “Enda unomuudza kuti averenge izvi.”

¹⁴⁶ Zvino ndakapinda mukati ndokutora Bhaibheri, uye ndikariverenga. Paive paya apo Mo-...kana Miriyemu, muporofitakadzi, akashora hanzvadzi yake, Mosesi, pamusana pokuroora musikana wekuEthiopia, uye Mwari havana kuzvifarira. Zvino Akati, “Zvaive zviri nani dai baba vake vakamusvipira kumeso, pane—pane kuti—kuti aite zvakadaro.”

¹⁴⁷ Saka, Miriyemu akabva abuda maperembudzi, pose-pose. Zvino saka Aroni akauya, ndokuudza hanzvadzi yake, akati... kana kuti akauya ndokuudza munin’ina wake, akati, “Ari kufa, nemaperebudzi.”

¹⁴⁸ Zvino Mosesi akamhanya kuti amureverere, paaritari. Saka paakazviita, Shongwe yeMoto yakadzika, Mwari. Akati, “Enda unomodana naAroni, wouya navo pano.” Zvino Aroni aive mazviririwo, zvakare. Saka iYe akati, “Vadaidze muuye kuno.”

¹⁴⁹ Akati, “Kana pane mumwe pakati penyuu,” Mwari achitaura zvino kwavari, “ari wemweya, kana muporofita, Ini Ishe ndichazviratidza Ndimene kwaari. Ndichataura naye nemuzviratidzo, nekuzvizarura pachaNgu kwaari nehope, uye—uye nekuzarura hope, nezvimwe zvakadaro.” Akati, “Asi muranda waNgu, Mosesi, hapana mumwe munyika akafanana naye.” Akati, “Ndinotaura naye kubva mumuromo kuenda

kunzeve.” Iye akati, “Hamutye Mwari here?” Munoono, Mwari havana kuzvifarira.

¹⁵⁰ Zvino, pandakazviona izvozvo, ndakamhanyira mukati. Zvino aive mune imwe kamuri. Ndakagugudza pagoni. Aive azvivharira mukati. Zvino ndakamuudza kuti ndaida kutaura naye. Zvino ndakapinda mukati imomo ndikatura naye, ndikaedza kumuudza chaizvo zvazvaive. Ndikati, “Chido chemoyo, unoziva kuti ndinokuda zvakadii, asi Mwari havana kuzvifarira. Hawaifanira kunge watura izvozvo.” Nguva pfupi kubva ipapo, akabva aita dambudziko parutivi.

¹⁵¹ Takamutora tikaenda naye kuna chiremba ari muno muLouisville, Chiremba Arthur Schoen, zvino akabva aona bundu kunhengo yekuruboshwe yechibereko, randakange ndaona makore gumi nemashanu kana gumi nematanhatu apfuura. “Bundu kunhengo yekuruboshwe yechibereko, rakaenzana nenzungu.”

Ndakati, “Saka todini pamusoro pazvo, chiremba?”

¹⁵² Akati, “Ngationei kuti chii chinoitika. Vaunzei zvakare mumwedzi mishoma, tingati mwedzi miviri kana zvakada kudaro.”

¹⁵³ Zvino takavadzoserera zvakare. Rakange rakura, kubva panzungu kusvika rakura seremani. Akati, “Zviri nani ribviswe; kana rikatebvenyuka rinogona kuzoipa.”

¹⁵⁴ Zvino ndakati, “Zvino, ini zvangu,” ndikati, “tiri—tiri kuenda kuTucson. Ishe vakandituma kunze kuTucson.”

¹⁵⁵ Vakavatumira kune mumwe mazvikokota wemadzimai; akange asingazvide kuti zvive mumaoko avo. Saka ndinodaira kuti vakavaudza nezveshumiro yangu, nokuti iye... Mazvikokota wemadzimai akati, “Rinofanirwa kutobuda.” Saka akati...Saka takavaudza kuti tave kutoenda ku—kuTucson. Ndokuti, “Zvino, ndine mazvikokota ikoko, shamwari yangu yepamoyo. Ndaisimbogara muTucson.” Akati, “Zvino ndichakutumirai kwaari.”

¹⁵⁶ Saka vakanyora kanwadi ndokumutumira, zvino ndokuti, “Mai Branham mudzimai akanaka chaizvo,” zvino ndokuenderera mberi achidaro. Akati...Ndokutumira mufananidzo unoratidza kuti bundu rakakura sei, nezvakadaro. Zvino rakange rave bundu ipapo; akatura kuti raive rakakura seyi. Zvino vakati, “Ndinoziva...” Munoziva, aiziva iye...ndinofunga kuti aifunga, aindaidza kuti “Mupodzi weKudenga.” Ndizvo bedzi zvaaziva kuzviita. Asi akati, “Asi ndawirirana nekuti—kuti rinogona kubuda, uye rinofanirwa kudaro. Kana richifanirwa kubviswa, ribvisei.”

¹⁵⁷ Asi zvaiedza kutenda kwedu. Zvino nguva dzose tainamata. Zvino pataiwedzera kunamata, ndipo paitowedzera kukura kwebundu, kusvikira panguva rakasvika pokuti rakange rave

kutobudikira kunze parutivi pake. Takaramba takazvinyarara; vanhu vashoma pano vaizviziva; tichiedza kuona kuti chii chinzoitika. Rakaramba richingoenderera.

Kwekupedzisira, zvino pandakabva kuCanada, uko kwandakabva...

¹⁵⁸ Ishe vakanditendera kuti nditungamirire rudzi rwuya rwemaIndia kuna Kristu. Ndiri kudzokera kunovabhabhatidza, muZita raIshe Jesu, Pfumvudza ino, kana Ishe vakatendera.

¹⁵⁹ Zvino, ndadzoka, zvino yakange yave nguva yokuti achienda, pandakange ndiri muNew York...kana kuti zasi kuno kuti kuitwe imwe opare...kuti oparesheni iitwe, kana kuti vatariswe kekupedzisira. Ndakaenda kuNew York. Zvino pandakadzoka, ndakamira muno, zvino ndokuenda kumusoro...Mushure ndave nemusangano pano, musangano wokupedzisira, ndakaenda ndokukwira uko zvino ndokumufonera kweHama Wood.

¹⁶⁰ Zvino akati, “Bill, handichakwanisa kuti hembe dzangu dzirigume.” Iro range rotobudikira kunze *sezvizvi* neparutivi pake zvino. Zvino gumbo rake kune divi iroro, ainge otozongofamba achikamhina, zvino ndiro rakave vhiki rakaipisisa raakambova naro. Zvino akagara apo, achinditeerera. Vhiki rakaipisisa raakambove naro. Zvino akati, “Ndinofanira kuenda, zuva rinotevera mangwana, kuti ndinovhenekwa.”

¹⁶¹ Ndakafunga, “O Mwari, kana vakaricheka, zvino zvichatitadzisa kuenda kumusha paKisimusi, zvino ndaive ndaudza vanhu kuti ndichange ndiriko.” Zvino ndakati, “Inguva yakadii! Oo, ini zvangu!” Ndakafunga.

¹⁶² “Vaudzei, kana vachazovhiya, zvakanaka, ‘Ngazvimboti mirei kwekanguvana, kusvikira Kisimusi yapfuura.’”

¹⁶³ Zvino ndakatanga kufunga, “Rinogona kukanganisika.” Zvino shure ipo *pano*, munoziva, chinhu chakaipa, zvinoenda shure muitsvo. Kana zvikaenderera, robva rashata, zvinokuuraya. Saka zvino ndakafunga, “Zvino ndoita sey?”

Zvino Meda akati, “Saka, zvino, unondifonera,” akadaro.

¹⁶⁴ Zuva randakasvika muShreveport, rinove zuva raitevera izvozvo, pandakasvika muShreveport, aifanira kuenda kunovhenekwa. Saka akaenda ku...Mai Norman vaienda, Hanzvadzi Norman; imi mose munovaziva, vanhu vanouya pano paTabhenakeri. Vaienda naye, zvino kuna mazvikokota uyu. Saka mudzimai akati, “Mirai kusvikira maita husiku hwenyu hwekutanga, ku—ku...zvino ipapo mozodzoka.” Nokuti, mutsauko, maawa maviri enguva. “Zvino mugondifonera kana madzoka, musangano wapera, zvino ndichakuudzai zvandinenge ndichifanira kuita.”

Zvino ndakati, “Zvakanaka.” Saka, ndakaenderera mberi.

165 Zvino mangwanani akazotevera, ndisati ndasimuka, ndaifanira kutora Billy naLoyce. Vese vari vaviri vagere muno. Zvino kazhinji. . .

166 Zvino tine chituru chakare icho chakaiswa mumwe mucheka neHama Palmer vachitiitira isu, pano nguva ichangopfuura, zvino tinogara tichikomberedza chituru ichi tonamata, pose patinenge. . . Oo, chinenge, Ottoman, munoziva, pokuisira tsoka. Pose patinougana ipapo tonamata, kana ndave kuenda kumusangano, tinokumbira Mwari kuti atibatsire.

167 Zvino ndaive kumusoro uko, mazuva mashoma, uye ndaiva—ndaive ndakasurukirwa. Imba; vana vaenda, uye mudzimai aenda. Munoziva, mese munoziva kuti ndakambopfuura nemazviri imwe nguva, kudzokera kuimba isina chinhu; kungoti, ndakaviga mudzimai wangu uya, Hope. Zvino zvadzoka zvakare. Zvino ndakagwadama, ndokufunga, “Saka, ndichanamata zvino ndobva ndanotora Billy naLoyce, tobva taenda.”

168 Saka zvino pandakapfugama kuti ndinamate, ndakati, “Ishe, ndinovasuwa mangwanani ano, ipo pano.” Ndikati, “Ndinonamata kuti iMi muvabatsire uye muvaropafadze. Dai tikadzoka panzvimbo pano zvakare. Uye zvino,” ndakati, “vari kunze uko nokuda kwekuti Makandituma ikoko nechiratidzo, uye iMi makuchazondzisa. Zvino ndinoda kuti ndimire, kuti ndione zvaMuchazonidzura kuti ndiite zvinotevera.” Ndakati, “Ndinonamatira. . . Ivaiwo netsitsi naye.” Zvino ndikati, “Ndibatsireiwo mumusangano zasi uko.” Zvino ndakaramba ndichi. . . ndakati, “Ishe, musaite kuti rikanganisike. Uye itai kuti chiremba amire kusvikira tadarika kutanga kwegore, kuti aribuditse kunze. Ini—ini ndinovenga kumuona. . . .”

169 Ndakati, “Ishe, akange asingade kuita zvaakaita mangwanani aye. Akange asingade kuita izvozvo.” Ndikati, “Ishe, hapana kana nguva imwe chete iyo yaakambotaura shoko rimwe chete nokuda kwekuenda kwangu kumusangano, ndichigara mwedzi yakawanda, kana chero hazvo zvayaive. Hapana kana nguva imwe chete yaakavhura muromo wake pamusoro pazvo. Anogara achitumira mbatya dzangu kune vanosuka, uye achigeza mashati angu, uye aine zvinhu zvose zvakagadzirirwa kuenda kumusangano. Zvino, anonetseka kuti angashumirawo Mwari sei.”

170 Imi madzimai, pamunenge muchishumira murume wenyu, munenge muchishumira Mwari, ndizvo chaizvo.

171 “Uye zvino, zvino kana ndauya, ndakaneta nokurukutika, vanhu vachibva kwose-kwose. Ndinofanirwa kumbobuda kuenda kune imwe nzvimbo kurwendo rwekunoraura, kana rwendo rwekunovhima. Handiti, vakadzi vazhinji vaigona kuputika nokuda kwaizvozvo. Ko anoitei? Aigadzirira nhumbi dzangu dzokuvhimisa kuti ndiende; orega ndoenda.” Ndakati, “Ishe, akanga asingade kuzviita izvozvo.” Zvino ndikati,

“Akachekwa katatu, nokuda kwekuti anosunungutswa neopareseni.” Zvino ndikati... “Ishe, ini—ini ndinovenga kuona achizviitwa zvakare.”

¹⁷² Zvino ipapo ndakanzwa chimwe chinhu mukamuri. Ndakatarisa kumusoro. Zvino Inzwi rakati, “Simuka.” Rikati, “Zvino chero chipi chauchataura, ndizvo zvazvichava.”

¹⁷³ Ndakamira tingati kweminiti. Ndikati, “Ruoko rwachiremba rwusati rwamubata, ruoko rwaMwari rwuchabvisa bundu, zvino harizombowanikwi zvachose.”

¹⁷⁴ Zvakabva zvatopera, kwandiri. Handina kumufonera. Takaenderera mberi, ndokuenda kunotori Billy naLoyce, zvino tichibva taenda kuShreveport.

¹⁷⁵ Husiku hwaitevera ndakamufonera. Aifara zvikuru. Ndokuti, “Bill, ndinoda kukuudza!”

¹⁷⁶ Zvino heuno ari pano, anogona kusimbisa izvi. Vakatoita zvekukamhina kuenda navo ikoko; ndokupinda mumupanda nemukoti naMai Norman, zvino ndokupfeka mbatya dzekuti... gemenzi, kuti avhenekwe. Chiremba vakauya, uye vaitotadza kukwira patafura; bundu rakaremba kunze uko, rakakurisa. Zvino mudzimai... Chiremba vakauya ndokutanga kutaura naye. Zvino vakauyapo, kuti vasimudze jira kuti vamubate, zvino, vasati vambomubata, rakabva rabva.

¹⁷⁷ Zvino chiremba haana kuziva kuti raive rutivi rwupi. Akati, “Mirai kwekanguvana!” Nezvose zvinyorwa zvakadhirowewa uye nemifananidzo yose, uye nezvimwe zvose, akatadza kuona kana chidimbu chimwe charo. Akavaongorora, ndokudzokorora nekudzokorora. Ndokuti, “Ndingatadze kuzvitsanangura, asi, Mai Branham, bundu riya hapasisina.” Uye havasati vambova kana nemanzwiwo anozviratidza, kubvira ipapo.

¹⁷⁸ Chaive chii ichocho? Cherechedzai, ndizvo chaizvo sematauriro aRakaita, “Ruoko rwachiremba rwusati rwachibata.” Musekondi imwe, zvino ruoko rwake rwungadai rwakaribata. Shoko raShe rakakwana seyi!

¹⁷⁹ Zvino, hoyo mudzimai wangu, uye tose tiri pamberi paMwari. Asi ruoko rwachiremba rwusati rwabata muviri wake, rwuri munzira kuuya kwaari sezvizvi, chimwe chinhu chakaitika, bundu rakabva. Zvino havana kugona, iye—iye akati... Ndinotenda range riripo, handizvo here, mudiwa? “Ndinoda kukusimbisai, Mai Branham,” (Ndizvozvoka, nzira yaakazviture nayo? Ndizvozvoka chaizvo.) “bundu riya hapasisina. Hamusisina kana bundu.”

¹⁸⁰ Chakange chiri chii? Ndizvo chaizvo maringe neShoko raShe, zvainge...?...Ameni. Ndiko kechishanu. Shanu inhamba yenyasha, inhamba ye k-u-t-e-n-d-a, zvakare.

¹⁸¹ Hapasisina kana kupokana mupfungwa dzangu. Ndinoziva kuti Kudhonzwa Kwetatu chii, uye ndinoziva kuti kunoitei.

Zvino ivai neruremekedzo, ingonyararai, nguva ichasvika nokukasika apo Mwari vachaita zvinhu zvikuru kwatiri.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu tive neshoko remunamato.

¹⁸² Ishe Jesu, ndakambozviona pane vamwe vanhu, asi pazvakasvika pamudzimai wangu anokosha, zvainge zviri mumba mangu, ipapo, Ishe. Ndakazvitarisa nemaziso angu, ndikazvinzwa nokubata nemaoko angu. Zvino ini...shan-... makore gumi nematanhatu zvisati zvaitika, zvakangewo zvakare, Ishe, zvichizivikanwa uye nekuzarurwa neMi. Kana chimwe chinhu chataurwa, chinofanirwa kutoitwa. Maive muchindiratidza, Ishe, ipapo, kuti, kugutsikana kwangu mune zvaMakaitira vanhu, uye moita kuti ndizive, kuti ndizovabatsira. Makaita kuti zviitike mumba mangu chaimo. Ndiko kwaive Kudhonza Kwekutanga. Zvino Kudhonza Kwechitatu kwakasimbisa Kudhonza Kwekutanga.

¹⁸³ Tiri kutenda, Baba. Tiregerereiwo pakudarika kwedu. Tiri vanhu vashoma. Hatina kudzidza, zvakangoda kudaro, vanhu vasingagone kunyora nokuverenga. Asi tinotenda zvikuru kuti tina Mwari uYo ane simba guru anotitarisa uye ane hanyn'a nesu, nokuti isu hatizive kuzvichengeta pachedu. Tinozviisa kwaMuri.

¹⁸⁴ Zvino, Baba, ndinonamata kuti iMi mundibatsire. Zvino muKudhonza Kwechitatu uku, dai, O Ishe, sekutaura kwaMaiita kwemakore apfuura akati kuti pamusoro pazvo, muchizviratidza pane...muchinyora pamakomo, uye nezvakadaro, zvakare muchizvibuditsa pachena. Zvino, ndanga ndichitarisa kuti ndione kuti chaive chii kusvikira zvasimbiswa zvakazara. Zvino ndinonamata, Baba, kuti iMi mundibatsire kuti ndive nekuremekedza kwakawedzerwa, nezvizvi, kupfuura zvazvaive kumashure, zvino dai iMi mawana kubwinya. Sezvo, ipo pano papurupiti imwe chete, apo pakataurwa Kwekutanga, Kwechipiri, uye zvino Kwechitatu, uye iMi zvamakataura zvakaitika nemazvo izvo zvaMakataura. Tinokutendai iMi, Ishe Mwari.

¹⁸⁵ Batsirai mumwe nomumwe wedu kuti tirase kusatenda kwedu uye nezvokufungidzira zvedu, kuti tikwanise kumira muHupo hwaMwari mupenyu, tichiziva kuti, Mwari mumwe chete akabvisa bundu iroto kubva pamudzimai wangu uyo agere pano iko zvino; zvikasimbiswa nevakuru vesainzi vezvokurapa vatinavo munyika, vakarivheneka, uye ndokutarisa, zvino vakaritora mufananidzo; uye zvino rakaenda. Muri Mwari uye hakuna mumwe kunze kweNyu.

¹⁸⁶ Uye tinokudai iMi nokuti Maka—Makatiita kuti tive varanda veNyu. Zvino dai tikakushumirai iMi nekuremekedza uye nerukudzo, mazuva ose ehupenyu hwedu. Zviitei, Ishe. Dai ndagona, uye nemhuri yangu, nevanhu vose ava, tagona kuve Zviedza zvinopenya, munyu unovavira unokwanisa ku-...

kusika nyota mune vamwe, kuti vade Jesu uyu uyo akatiitira zvakawanda kwazvo.

187 Zvino pandave kuvhura Shoko, kuti ndiRiverenge kuitira chidzidzo chiduku, uye ndozonamatira varwere, ndibatsireiwo, Ishe. Taurai nesu, uye mugoporesa vanorwara, nemuZita raJesu tinonamata. Amen.

188 Mungaite here, ndine nguva here yokungo . . . [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kana ndikamhanya nokukurumidza pane . . . zvichaverengwa pano, ndinoda kuti muverenge zvino, kana kunyora pasi, kana chero zvamungade kuita. Zvokutanga zvinowanika muBhuku raNumeri, 21:5 kusvika 19, uye tinoda ku—kuverenga izvi.

Ipapo vanhu vakapopotera Mwari, uye naMosesi vakati, Makatibuditsireiko Egipita kuti tifire murenje? nokuti hapana chingwa, hapana mvura; uye mweya yedu inosema chingwa chakareruka ichi, chikafu cheNgirozi.

Zvino JEHOVHA vakatumira nyoka dzinopenga pakati pevanhu, uye dzikaruma; zvino vanhu vazhinji veIsraeri vakafa. Zvino Ishe. . .

Zvino vanhu vakauya kuna Mosesi, vakati, . . .

189 Kureurura! Tarisai, “Takatadza!” Munoono, ndicho chinhu chokutanga pakupodzwa, kureurura kutanga.

. . . Takatadza, nokuti takapopotera JEHOVHA, uye nemiwo zvakare; kumbirai kuna JEHOVHA, kuti vabvise nyoka kwatiri. Zvino Mosesi akanamatira vanhu.

Ipapo JEHOVHA akati kuna Mosesi, Uzviitire nyoka inopenga, zvino ugoiturika padanda: kuti zviite, zvicha—zvichaita kuti, kana pane anenge arumwa, kana ukatarisa pairi, iye uchararama.

Zvino Mosesi akaita nyoka yendarira, uye akaiturika padanda, zvino zvakaite kuti, mumwe nomumwe wakati kana arumwa, zvino akatarira nyoka iyo yendarira, akararama.

190 Zvino, zvakare, ndinoda kuverenga Rugwaro kubva kuna Zakaria, chitsauko 12, ndima 10.

Zvino ndichadira pamusoro peimba yaDhavhidhi, napamusoro pevagere Jerusarema, mweya wenyasha uye newekunyengerera: uye vachatarira ini wavakabvoora, vachamuchema iye, somunhu unochema mwanakomana wake mumwe chete, uye vachave neshungu kwazvo pamusoro pake, somunhu ane shungu pamusoro pemwana wake wedangwe.

191 Zvino semusoro wenyaya, ndichatora izvi: *Tarisa Kuna Jesu.* Tarisa kubva kunyika, kuna Jesu. Mosesi akagadzira nyoka;

zvino pano muporofita, shure, waitaura nezvazvo, kuti chii chaizoitika, kutarisa ku—kuna Jesu.

¹⁹² Bhaibheri rinoti, muna Isaya 45:22. Tinoona kuti Mwari akati, “Tarisai kwaNdiri, magumo ose enyika.” Zvino kana nyika yasvika kumagumo kwayo, kana hurongwa hwenyika hwasvika kumagumo kwahwo, itai kuti vanhu vatarise kwaAri.

¹⁹³ Zvino munogona kuti, “Takazvinzwa izvi, chizvarwa mushure mechizvarwa. Takazvinzwa kwenguva ndefu.” Ichokwadi, uye zvakaparidzwa kwenguva refu. Vashumiri vakawanda vakatora chidzidzo ichi chimwe chete, zviuru zvavo.

¹⁹⁴ Asi hechino chinhu chandinoda kukubvunzai, manheru ano, kwemaminiti mashoma ari kutevera. Asi mukatarisa, mubvunzo nde—ndewekuti, unoonei kana wakatarisa? Unoonei kana watarisa? Zvinoenderana nokuti uri kutsvagei. Maona? Zvino Akati, “Tarisai kwaNdiri, ose magumo enyika.” Mosesi wakasimudza nyoka, zvino, angave ani aitarisa, akapodzwa. Zvino, zvinoenderana nokuti uri kutsvagei.

¹⁹⁵ Ndakaona vanhu vachiuya mumisangano, muzuva rino rokupedzisira, vachigona bedzi kugara mumusangano kweminiti imwe kana maviri. Ndiwo chete avaikwanisa kugara. Munoono, havaikwanisa kuzvifarira.

¹⁹⁶ Handife ndakakanganwa, ndinotenda kuti hazvina munhu wazvinonangana naye pane anobva kuIowa, apo pandaive nemusangano kuWaterloo.

¹⁹⁷ Hama Lee Vayle, vanga vari pano mangwanani ano. Handizive kuti varipo pano manheru ano here kana kwete. Uri pano here, Lee? Anga ari pano mangwanani ano. Hongu, shure uko mekurekodha, shure kuno. Zvakanaka.

¹⁹⁸ Hama Lee neni takaita zvose zvataikwanisa kuita. Uye tikapa boka revashumiri kudya kwemangwanani, pachena, kuti tingouya titaure navo. Hama Lee Vayle, ndizvozvo, mudzidzi uye—uye ndiChiremba wedzidzo yeBhaibheri, nokuti zvechokwadi vakanyatsowana dhigirii ravo. Saka ndakaedza kuti vataure pamberi pemaLutherani, maPresbyteriani, nevakadaro, asi vakati, “Kwete, vakatarisira kuti imi muzviite.”

¹⁹⁹ Zvino, ndakadzikako ndikatora musoro wenyaya yangu, pamberi pevashumiri ava, shure kwekunge vose vapedza kudya. Ndakatora musoro wenyaya: *Handina Kuramba Kuterera Chiratidzo CheKudenga*. Ndisati ndambopedza kuvengerwa Gwaro racho, vanenge vaviri vakatarisa, havo nepamukova vakabva vabuda kunze. Saka pandakatanga kuti, “SaPauro muzuva rake, aine shumiro isinganzwisike, zvino amire pamberi paAgripa zvino ndokuti haana kuramba kuterera kwachiri,” vanenge vaviri kana vatatu zvakare vakasimuka. Zvino pandakasvika panguva yandainge ndoda kutaura chimwe chinhu nezvemusoro wenyaya, pakanga pangove nevatu kana vana vakange vagere ipapo. Vese vaive vasimuka uye vaenda.

200 Chikonzero chacho, zvidaro, ndechekuti. Vamwe vanouya kumusangano, kana vanzwa nezvemuvhangeri, mapfekero aanoita ane chimwe chinhu chokuita nevanhu. Kana asingapfeke hanzu dzakafanira, vamwe vavo . . .

201 Ndakanzwa mumwe—mumwe anoshanda nezvepfungwa achiti, rimwe zuva; Chiremba Narramore, murume akanaka, murume Mukristu, chirongwa chake chiri paKAIR apo, nguva dzose. Akati, “Nzira inoratidza kuti munhu ave kurasikirwa nepfungwa dzake, ndipo apo paanopfeka zvisingaenderane nezvaari.” Munoziva, kuti anofanira kuratidzika sei pamberi peruzhinji, ndicho chiratidzo chokuti ari kurasikirwa nepfungwa dzake.

202 Zvino, saka, ndanga ndichipenga hupenyu hwangu hwose zvino, munoona, nokuti ndinopfeka mahovhorosi nezvimwe zvole, munoona. Saka, zvinoenderana nebasa rangu, ndinofanira kupfeka semufundisi, nemamwe mashoko, kuti—kuti uve mufundisi.

203 Handifunge kuti Jesu aipfeka semufundisi. Aipfeka semunhuwo zvake. Akapinda pakati pevanhu, zvino zvakange zvisinei nokupfeka.

204 Asi izvi zvingori, munoona, kuti ipfungwa dzevanhu. Hazvifanire . . . Ko dai kana murume uyu, kana, handizive kuti chiremba anozofungei nezvizvi, apo muporofita muBhaibheri akarairwa kuti abvise hanzu dzake uye ofamba akashama pamberi pevanhu? Zvechokwadi aizenge achipenga, haaizenge here zvino? Asi Mwari akamuudza kuti azviite.

205 Mumwe aifanirwa kurara nedivi kwemwedzi mazana matatu nemakumi mana, ndinotenda kuti ndizvozvo, akarara nerutivi rwake, rutivi rumwe chete; zvino obva atendeukira kune rimwe divi. Uye odyo poto yenyemba dzaaive agadzira ipapo; aifanirwa kuenda ondofoashaidza zvinhu izvi uye ozvigadzira, pamwe chete, uye ozvidya panguva yose iyoyo; osveerera otona chanza chizere zvino ogodya, arere nerutivi rwake, sechiratidzo. Maona?

206 Oo, ko vanhu vanogona kusvika kupi vachibva, paShoko raMwari, chokwadi. Vanodzidza zvakananyanya kusvikira ivo vanodzidza vachitoenda kure naMwari. Kana munhu achitaura kuti ane dzidzo, ndinoziva kuti ndiko kuenda kure kwaanoita kubva pana Mwari; munoona, dhigirii rehuchiremba. Handitaura izvi ndichipesana naChiremba Vayle, nokuti havazi mhando iyoyo. Asi, kazhinji, kana munhu akawana dhigirii rachiremba, izvozvo zvinongoreva kuti, kwandiri, ave chinhambwe chakadaro kure naMwari, munoona, kunze kwekunge achigona kuzvibata paShoko uye nekuna Mwari.

207 Zvino, tinoona kuti vamwe vanouya kuzonzwa matauriro aunoita, pavanouya kuzoona. Ukataura pamusoro pekupodza kwaMwari uye naIshe; kana munhu asiri chaizvo, munhu akadzidza ane pfungwa dzakatesva, vanhu havangamire

vachimunzwa achishandisa mashoko sekuti “zvake, hazvizi,” ne—nemashoko ekuti...Ivo vanongo...Ivo havatombodi. Vanofunga sekuti izvozvo zviri kure kwazvo naMwari.

208 Zvino apo Jesu paakataura mutauro wakareruka zvakadaro, kusvikira, nhasi, wakatovhiringidza vanamuzvinafundo, nokuti vanoedza kuzvidudzira maererano nedzidzo uye nemutauro wezuva iroro, zvino waive mutauro wemazuva ose. Saka . . .

209 Handiti, pane musiyano wakawanda kunyangwe muno medu muUnited States! Ndakafona kuNew York, ndiri kuFlorida, uye ndakatsvaga mudzimai kuno, zvakare, kuSt. Louis, kuti aturikire pakati pemusikana wekumawodzanyemba nemusikana wekuchamhembe. Ndiwo musiyano wacho waivepo. Maona? Chokwadi.

210 Zvino chaizvo zviripo ndezvizvi, kuti vanhu vanotsvaga zvinhu izvozvo, hurukuro, panzvimbo yeShoko. Shoko richiratidzwa ndiwo umbowo hwekuti ndeRechokwadi. Munoono, Shoko richiratidzwa! Havambotarisa kwaZviri. Unofanirwa kunge une maonero enjere akatesva, kuti uzive, woenda kuseminari uye wodzidza kuti unokotama sei, kuti unomira seyi panzvimbo imwe chete, uye nezvose. Oo, izvozvo zvinogona kudzipa mushumiri, kusvika afa, uyo akazadzwa chaizvo neMweya Mutsvene. Maona? Zvino, ndezvepfungwa.

211 Zvino ndiyo nzira yazvava nenyika ino yose. Ine maonero epfungwa pamusoro paKristu. Ndizvo zvavanotsvaga. “Zvino kana Kristu ari mauri, unofanirwa kunge uri mudzidzi, unofanirwa kunge uri nyanjere,” nokuti ndizvo zvavanofunga kuti ndizvo zviri Kristu.

212 Zvino imwe nguva, chimwe chinhu, vanoumba pfungwa dzavo pamusoro pekuti Aifanirwa kuve akaita sei, pfungwa dzavo pachavo, pane kuti vatore zvakataurwa neShoko. Ndiyo nzira pavanotarisa, uye vachitoona Jesu pachaKe, ivo vanotadza kuMuziva. Vakazviita paZuva rePentekosti. Vakazviita paRanga riri munyama. Vakazviita paAkanga ari muchidiro. Vakazviita paAkanga ari mumigwagwa yeJerusarema. Vakazviita paAkanga ari pamuchinjikwa. Zvino Aive kuzadzikiswa kweShoko iroro. Uye, zvakadaro, vakange vana Mesiya achidzika zasi ari munzira inobva Kudenga, nezvimwe zvese, zvino zvaive zvisiri izvo, nokuti akange ari maonero epfungwa dzavo. Zvino vakatadza kuMuona, uye, vakatonyatsoMutarisa. Saka ndizvo zvazviri nhasi!

213 Unooneyi paunotarisa? Vamwe vanotarisa kuti vaone, pavanotarisa kwaAri, vanotarisa kuona muvambi mukuru wechechi ane njere, mumwe munhu anokwanisa kunyatsoburitsa chitendwa chinokonzera kuti vanhu vose vachifarire chitendwa ichi, zvimwe zvakadaro. Ndizvo zvavanotarisa pavanoMuona.

214 Vamwe vanotarisa kuona ngano, saSanta Claus, pavanotarisa. Vanoverenga Bhaibheri, zvino voti, “Ah, ichi chinhu chingoriwo ngano. Chingori chimwe chinhu chakanyorwa nevanhu. Ndizvo izvo, ivo, nokuti kana ivo...” Maonero aunoita Bhaibheri, ndiwozve aunoMuita. Maona?

215 Vamwe vanotarisira kuona mwana mucheche. Vamwe vanotarisa zvino voona tsu—tsuro kana Santa Claus. Vamwe vanotarisa voona bhuku renhoroondo razuro uye risiri ranhasi.

Asi, mubvunzo ndewe kuti, unoonei kana ukatarisa?

216 Vazhinji venyu, vanozviti vane Mweya Mutsvene, vanotarisa uye voona munhu wechipiri wehumwari hutatu. Apo, hazvina kana kumbotaurwa muBhaibheri. Hakuna chinhu chakambodaro. Shoko rekuti humwari hutatu harimo kana muzvivharo zveBhaibheri. Asi, zvakadaro, paunotarisa kuna Jesu, unoMuona semunhu wechitatu kana wechipiri wehumwari hutatu, zvino ndicho chikonzero usina kwaunosvika.

217 Munoziva kuti iYe akati kudii? “Ndiri Mwari, uye hakuna mumwe kunze kwaNgu.” Maona?

218 Zvinoenderana nokuti wakatarisei. Kana uchida kuisa kamukomana kadiki kanokuunzira zvinhu, kana murume achembera ane ndebvu, uye nezvakadaro; kana ari maonero aunoita Jesu semumwe munhu akasiyana naMwari, uri kutarisa zvisirizvo. HaumboZvioni.

219 Pano nguva shoma yapfuura, ndakange ndine mabhainokura. Ndaiedza kutarisa mharapara, kana imwe mharapara uko mumunda. Saka mwanakomana wangu aiedza kundiratidza, zvino achiri wechidiki kwazvo. Saka akati, “Torai magirazi, baba! Hapo pamire mharapara, apo uko!”

Ndakati, “Ndinokwanisa kumuona namaziso angu chaiwo.”

Akati, “Torai magirazi aya.”

220 Zvino pandakatarisa, ndakaona mharapara dzingaita gumi, asi magirazi aive asiri kuona zvakakanaka. Zvino pandakaagadzirisa chaizvo, dzose dziri gumi dzakabva dzaita imwe.

221 Zvino kana ukanangisa pfungwa dzako paShoko raMwari, vatatu vanove Mumwe. Maona? Asi magirazi ako ezvinamato anotadza kuona zvakakanaka paunodza kuMuita vatatu. Iye Mumwe chete. Maona?

222 Asi zvinoenderana nokuti iwe wakatarisei. Unoonei kana ukatarisa? Rangarira, kuti unogogona kuMuona bedzi paunotarisa kwaAri kubudikidza neShoko. Haugone kutarisa kwaAri kubudikidza nebhuku rezvakanyorwa. Haukwanise kutarisa kwaAri kubudikidza nechitendwa. Unoona vana mwari vaviri kana vatatu, uye nezvimwe zvose, zviri muzvitendwa izvozvo. Asi tarisa kwaAri kubudikidza neShoko, zvino uchazoono kuti iYe ndiye “*Emanueri*,” Mwari akaitwa nyama

pakati pedu.” Akati, “Ndini Mwari, uye kunze kwaNgu hakuna mumwe.” Iye ndiMwari.

²²³ Isaya akatarisa imwe nguva, muporofita, zvino paakaona Jesu... Musoro wenyaya yangu ndewekuti, “kutarisa kuna Jesu.” *Tarisa Kuna Jesu*. Apo Isaya paakatarisa achifuratira nyika, kuti aMuone, akati, “Ndiri kuona Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba veKusingaperi.” Ndizvo zvakatariswa naIsaya akaona.

²²⁴ Dhanieri, imwe nguva, akanga akamira paakaona ku—kuguma kwehumambo hwemaHedheni. Akaona mufananidzo uya wakarotwa naNebhukadhinezari. Akaona kuti humwe hwaizotsiva sei humwe, apo huchidzika. Zvino paakatarisa kuti aone zvose zvaizoitika kumagumo, paakaona Jesu, Aive “Dombo rakatemwa kubva mugomo, pasina maoko,” rikasvikoputsanya humambo hwemaHedheni.

²²⁵ Nebhukadhinezari akakandira vana vatatu vechiHebheru mubiravira remoto, vaitenda muna Mwari uye nekumira neShoko raKe. Kana zvaireva kuRifira, vakange vachizomira, zvakadaro; chingori chimwe chinhu chiduku, chekupfugama neibvi ravo neimwe nzira. Asi paakatarisa zvino akaona Jesu, Aive “munhu wechina” aive ari mubiravira remoto, zvino zvakabvisa kupisa kwose kubva pane varanda vaKe vanoteerera. Ndizvo zvakaonekwa naNebhukadhinezari.

²²⁶ Ezekieri akatarisa kuti aMuone rimwe zuva, zvino Aive “Vhiri riri pakati pevhiri,” uko kumusoro pakati mumhepo. Ndiye aive Habha yevhiri, apo panoiswa zvipokisi zvose. Amen! Vhiri guru rinomhanya nokutenda, asi Vhiri duku rinotenderedzwa neSimba raShe. Ndiye uYo akaonekwa naEzekieri apo paakatarisa.

²²⁷ Johane muBhabhatidzi akatarisa rimwe zuva, zvino, paakadaro, akaona Njiva; neIzwi, richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu waNdinofarira kugara maAri.” Ndizvo zvaakaona. Zvino, akaona Jesu naMwari ari Munhu mumwe chete, nokuti Mweya wakadzika kubva Kudenga seNjiva, uchiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu waNdinofarira kugara maAri.” Ndizvo zvaakaona. Cherechedzai, Anozvizivisa pachaKe nenzira iyoyo.

²²⁸ Noa, paakatarisa kuti aMuone, Noa akaona kutonga kwaMwari kwakarurama kuchiuya pamusoro pevanhu venyika ino avo vakange varamba Shoko raKe. Ndizvo zvakataurwa naNoa paakatarisa.

²²⁹ Mosesi, paakatarisa, akaona gwenzi raipfuta. Shongwe yeMoto yaive yazviunza pachaYo mugwenzi, zvino, Mosesi paakaswedera pedyo naYo, Akati, “Bvisa shangu dzako, nokuti, ‘NDIRI.’” Zvino, kana ukaongorora izwi iri, “NDIRI,” ndezveshure, zvazvinho, uye nezviri mberi. “NDIRI,”

Ziendanakuenda! Maona? “NDIRI,” akaona “NDIRI.” Ndizvo zvaakaona mugwenzi raipfuta.

²³⁰ Israeri yakatarisa panyoka yendarira yakagadzirwa naMosesi, zvino ndokuona kutambudzika kwaKristu nokuda kwekutongerwa varwere, nokuti tinoziva kuti nyoka yaitaura nezveYananiso.

²³¹ Jesu ndiye aive Yananiso yacho. “SaMosesi akasimudza nyoka yendarira murenje, naizvozvowo Mwanakomana wemunhu anofanirwawo kusimudzwa,” nechikonzero chimwe chete. Maona? Sei? Vakange vatadza, zvino vakabva varwara; yakange iri yekubviswa kwezvivi zvavo nehurwere hwavo. Uye ndizvo kuti, “Jesu wakakuvadza nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa.” Bvisa kupodza kwaMwari kubva kuna Kristu, munocheka nepakati Yananiso, muzvidimbu zviviri. Maona?

²³² Unoona chii maAri ukatarisa? Unozviona izvozvo here? Unozviona here kuti, “Akakuvadza nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa”? Kana ukatarisa, unokwanisa kuzviona here, kana kuti unongoona divi rimwe reYananiso? Unogona kuona mativi ose here ukatarisa?

Ukazvitarisa kubudikidza nemuchitendwa, ivo vanokuudza, “Mazuva ekupodzwa akapfuura.”

Asi ukazvitarisa kubudikidza nemuShoko, unozoona kuti, “Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Maona?

²³³ Vadzidzi vakatarisa kwaAri apo pavaive mugungwa raive nemafungu, zvino ndokuona rubatsiro rwega rwaikwanisa kuvabatsira, rwuchiuya.

²³⁴ Marita akatarisa kwaAri munguva yerufu, zvino akaona kuti Aive “rumuko neHupenyu.” Ameni! Munguva yerufu, Marita akaona, apo paatarisa kwaAri. . . Akanga arambwa nevanhu vake; Aive arambwa; kunyangwe, mudzimai akange aMudana, zvino haAna kuuya kune hanzvadzi yake. Asi pakupedzisira paAkazouya, zvino akaenda ndokunowira pasi kuti azokwanisa kutarisa kwaAri, akazoono kuti Aive zvose “rumuko neHupenyu.” Ameni!

²³⁵ Jairosi akaita zvimwe chete, mutendi wepachivande; muPresbyteriani, Methodisti, Baptisti muduku, ainyatsotenda, asi asingakwanise kuenda, nokuda kwesangano rake raisamutenderera, nokuti aizodzvingwa. Asi mwanasikana wake oga ainge oda kufa, saka aitofanira kuenda. Asi paAkamuwana, akazoono kuti Aive rumuko neHupenyu.

²³⁶ Apo paakatumira kuti Auye, mumhanyi akauya zvino ndokuti, “Musanetsa Tenzi, nokuti musikana atofa kare.” Iye. . . Zvino moyo wake muduku wakapotsa wamira.

237 Asi iYe akati, “Handina kuti here, ‘Kana ukangotenda, uchaona Kubwinya kwaMwari?’” Jairosi akaona kuti iYe aigona kumutsa vakafa, paakatarisa pana Jesu.

238 Vane nzara vakatarisa kwaAri, vakawana chikafu chinoaramamisa choupenyu. Chaive chepanyama. Vane nzara, pamweya, vanogona kutarisa kwaAri voona kuti iYe ndiye Chingwa choHupenyu.

239 Mbavha yaive iri kufa yakatarisa kuti ione zvayaikwanisa kuona, zvino yakawana, muna Jesu, ruregerero rwayo. “Ndirangarireiwo, Ishe, kana Mapinda muHumambo hweNyuu.” Jesu akati, “Nhasi uchange uneNi muparadhiso.” Ndizvo zvaakaona munguva yekufa kwake.

240 Vanorwara vakatarisa kwaAri, uye ndokuona Mupodzi. Mapofu akatarisa, zvino ndokukwanisa kuona.

Zvinoenderana nokuti wakatarisa chii zvino. Wakatarisei?

241 Petro naNatanaeri vakatarisa, zvino vakaona Shoko rakavimbiswa remuporofita wavo, Mosesi, richiratidzwa. “Jehovha Mwari wenyu uchamutsa Muporofita akafanana neni, zvino kwaAri vanhu vachabatirira. Zvino vose vasingatende kwaAri, uye nokunzwa Muporofita iyeye, vachadimurwa kubva pavanhu.”

242 Zvino Petro paakafamba achisvika muHupo hwaKe, Jesu wakati, “Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Zvino akaziva pakare ipapo, paakatarisa kekutanga pana Jesu, kuti uku kwaive kuzadzikiswa kweShoko raMwari rakataurwa kuti iYe aizova. Amenii.

243 Handizive kana wakaona zvimwe chete pawakatarisa kwaAri kekutanga? Handizive kana Shoko rakavimbiswa rakazviratidza pachaRo kwaUri pawakatarisa kwaAri?

244 Natanaeri, paakangouya muHupo hwaJesu, ari mukupokana zvishoma. . . Tinoona kuti Firipi akange aenda akanomuudza, “Huya, uone Uyo watawana.”

Zvino Natanaeri akauya, zvino ndokuti, “Ndeupi Wacho?”

Akati, “Zvimwe ndiye uyo kumusoro uko ari kunamatira varwere.”

245 Akamanikidzira nzira yake achipinda kusvikira atarisa kwaAri. Zvino paakatarisa, Jesu akati, “Tarirai muIsraeri asina nduru maari.”

Akati, “Rabhi, ko Makandiziva rinhi?”

246 Akati, “Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, Ndakuona.”

247 Zvino chii chakaonekwa naNatanaeri? Akaona kuti hoyo Mambo weIsraeri. Akati, “Ndimi Mwanakomana waMwari. Muri Mambo weIsraeri.” Ndizvo zvaakaona paakatarisa. Akawana dudziro yeGwaro, richiiswa pachena pamberi pake.

Akariona, Gwaro rimwe chete rakange rataurwa nemuporofita akazodzwa Mosesi, “Achave Muporofita akafanana neni.”

²⁴⁸ Mudzimai wepatsime, akatarisa imwe nguva, zvino akaonei? Akazvitaura muguta. Akati, “Huyai, muone Murume Uyo anditaurira zvinhu zvandakaita. Handiye here Mesiya wacho chaiye?” Paakatarisa kekutanga kuna Jesu Kristu, akaona Mesiya.

²⁴⁹ Vanhu vanogona kutarisa chinhu chimwe chete nhasi, zvino voZviti “kuverenga pfungwa.” VanoZvidaidza kuti “zvemudzimu.” VanoZvidaidza chero mhando yezita remadhimoni ravanokwanisa kuZvidana, nokuti havazive zvavari kutsvaga. Amen. Havanzwisise. Vari kutsvaga chitendwa. Vari kutsvaga nyanzvi inoisa chechi muhurongwa. Vari kutsvaga dzimwezve nhengo dzakawanda, uye vachitadza kuona Ishe Jesu Kristu akakomborerwa ari muShoko raKe rakaziviswa. Ndizvozvo.

²⁵⁰ Zvinongoenderana nezvauri kutsvaga. Kana uchitarisira kuzadzikiswa kwevimbiso yanhasi, unoiona. Asi, kana uri kutsvaga mumwe nyanjere, kana zvimwe zvavagara vachitarisira, mumwe muvambi mukuru, mumwe mudzidzisi wenhorondo, mumwewo munhu, chimwewo chinhu, unotadza kuRiona. Asi kana ukatarisa kwaAri kubudikidza nemuShoko, Shoko rinoratidza kuti ndiYe Ani.

²⁵¹ Akapikisa vanhu vezuva raKe kuti vaite zvimwe chete. Havana kukwanisa kuMuona. Akati, “Imi mapofu anotungamira mapofu. Munokambira Mosesi kuti muporofita wenyu. Dai maiziva Mosesi, mungadai makaziva iNi. Mosesi akanyora pamusoro paNgu.” Zvino vaive vakapofomara zvakanyanyisa zvokuti vaZvione. Vakatarisa paZviri, zvino vaive mapofu zvakanyanya kuti vaZvione.

²⁵² Ndiri kubatanidza iya “hwerazuva,” mangwanani ano, kwemaminitsi mashoma, munoona. Vari kutarisa, zvino havazi kuziva chavari kutarisira, nokuti vane maonero asiriwo ezvavari kuedza kutsvaga. Ko ungazive sei chaunoda kuwana, kana usingazive zvauri kutsvaga?

²⁵³ Ko ungaende kunotsvaga nhanga sei, usina kumbobvira wakaona kana rimwe uye usina kumbonzwa nezvaro? Ko ungaende seyi kunotsvaga nwiwa, kana usina kana kumboziva kuti kune chinhu chakadaro, uye kuti rinotaridzika sei? Handiti, unogona kuona tabhu, zvino wofunga kuti inwiwa. Unogona kuona chimwewo chinhu, unogona kuona danda, zvino wofunga kuti inwiwa.

²⁵⁴ Asi unofanira kuziva chauri kutsvaga. Nzira bedzi yaunozokwanisa kuziva izvo zvauchazenge, zvauri kutsvaga; kana uchitsvaga Jesu, unotarisa kuShoko, nokuti iYe iShoko. “Ndiwo Anopupura nezvaNgu. Nzverai Magwaro.”

²⁵⁵ “Munoti muri...muri vatendi vevaporofita, asi muri vababa venyu dhiyabhorosi. Madzibaba enyu, anozviti; Mwari paakatuma vaporofita kwavari, akavaisa muguva. Va—vanouraya vaporofita. Vose vakauya,” Jesu akati, “ndiani wavo asina kutakwa nemabwe namadzibaba enyu? Zvino mabasa ababa venyu muchaaaita.” Amen! Varume vakarurama, varume vatsvene, murume wamaishaira chamungapomera paari, asi zvakadaro iYe akavati “nyoka nemadhimoni.” Maona?

²⁵⁶ Uri kutsvagei? Kana uri kutarisira munhu munyoro? Vamwe vanhu vanofunga nokuda kwekuti Mweya Mutsvene wakashanda kubudikidza nemauro, unofanirwa kunge uri mumwe munhu murefu, munyoro, anofamba kwese—kwese uye usina kana... Hausi Mweya Mutsvene iwoyo. Mwari havashande kubudikidza nengirozi saidzodzo, kana vanganzi vakadaro. Mwari vanoshanda kubudikidza nevanhu. Bhaibheri rakati, “Eria akange ari munhu ane manzwiwo akangofanana nesu,” asi hawaikwanisa kuve unaye kusvikira waona naJesu.

²⁵⁷ Petro naJohane, pagedhi rainzi Rakanaka. Zvino pavakavadhonza kumusoro kuya nokuda kwekupodza murume uya, “Vakange vaona kuti vaive vasina chavanoziva, vasina kudzidza, asi vakacherechedzawo zvakare kuti vakambenge vana Jesu,” munoono, nokuti Hupenyu hwaKe wairatidzwa nemavari.

Zvino, zvinoenderana nokuti uri kutsvaga chii.

²⁵⁸ Mudzimai aive averenga Bhaibheri. Akange achiziva kuti kwaizouya Mesiya, zvino aiziva kuti Mesiya uyu aizoitai. Zvino ipapo Jesu paakangoti kwaari, “Ndiunzirewo mvura ndinwe.”

Mudzimai akati, “Hazvibvumidzwe pamutemo.” Angori Munhuwo zvake.

²⁵⁹ Zvino, toti dai Aive akagara ipapo akapfeka chijira chemumusoro chikuru, uye nemhando dzose dzezvishongo pamusoro paKe, zve—zvemumwe munhu mutsvene, handiti, mudzimai angadai akati, “Zvakanaka, heunoi muprisita,” uye obva aenda mberi. Kana, “Pane mumwewo rabhi,” obva aenda mberi.

²⁶⁰ Mushumiri, chimwewo chinhu; ndaona mumwe murume auya kuzodya, nhasi, uko kwandaenda kunodya. Zvino murume uyu apinda mukati, iye—iye anga ane michinjikwa yakawanda uye nezvinhu paari; chinhu chakanaka dzimwe nguva kuti vanhu vakadaro vave nazvo. Ndinofunga kuti unofanirwa kurarama hupenyu. Haufanirwe kunge une mbatya dzehufundisi dzakawanda, kuti uratidze zvauro. Dzimwe nguva vanonwa, uye vachienderera zvakananyanya, zvakare nokuputa fodya, nezvese, vanofanirwa kupfeka mbatya dzehufundisi kuti uzive kuti mushumiri here kana kwete. Ndizvozvo chaizvo.

261 Ndinokuudzai, mbatya dzehufundisi dzekuti munhu apfeke rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Zvinokuzivisa kuti una Jesu! Ndizvozvo chaizvo.

262 Zvino, tinoona kuti, zvinoenderana nokuti uri kutsvaga chii. Kupfeka zvakanaka, kunyatsotsvinda, imwe mhando yedhuku; hauzombofa wakaMuona, nokuti Aive Munhuwo zvake wemazuva ose. Mwari vanoshanda nevanhu. Jesu aive Munhu; Mwari aive muMunhu, uye Aive Mwari.

263 Zvino, tinoona kuti mukadzi uyu, paakaona chiratidzo chisinganzwisike ichi, kuti Aikwanisa kumuudza zvaakange aita zvakanga zvakashata, kana kuti zvaive zviru pamoyo wake, akabva aziva ipapo kuti uyu ndiye aive Mesiya. Saka, paakatarisa kuna Jesu, akaona Mesiya.

264 Mesiya, mabasa aMesiya aive chii? Aizoziva zvakavanzika zvemoyo. Zvakubata zvakanaka here izvi? Handizive kana munganzwisisa. Kana uchiMutsvaga, manheru ano, chii chaunotarisa? Anenge ari mumwe chete. Mesiya iShoko, Shoko! Zvino Bhaibheri rakati, muna vaHebheru chitsauko 4, kuti, “Shoko raMwari ibenyu nokupfuura, rine simba kupfuura munondo unocheka nekweise, richicheka nepakati pebondi, uye richinzvera mifungo iri mumoyo.”

265 Zvino paakaziva kuti Mesiya aifanirwa kuve Shoko iroro raratidzwa, uye achikwanisa kumuudza zvaive zvakatsveyama paari, akaziva kuti aive Mesiya. Kwete kuti Akapfeka sei, kwete kuti Aive nedzidzo yakawanda zvakadii; asi, nechiratidzo chaAkaratidza mudzimai, Aive Mesiya. Paakaona Jesu, akaona Mesiya; Mwari muMunhu, sezvakavimbiswa muchizvarwa ichocho chakazodzwa.

266 Asi munozivei? Mazhinji, emazera mamwe chete andakatura nezvawo, haana kumboona chinhu ichi. Mazhinji acho haana kumbochiona. Zvimwe chete nhasi. Vazhinji havana kucherechedza Mosesi. Vazhinji havana kucherechedza Eria. Vazhinji havana kuche- . . . Havana kuvacherechedza kusvikira vaenda, zvino vanozovcherechedza.

267 Asingatende akaona, mumazuva aNoa, kungoti uyo asingatende akatarisei? Ndakuudzai kuti anotenda akaonei, zvino ngationei kuti vasingatende vakaonei. Mumazuva aNoa, vasingatende vakaonei—kuona shure uko pavakatarisa? Vakaona “mupengo, achingowawata ari mune rimwewo igwa.” Ndizvo chete zvavakaona. “Mumwe murume akwegura anopenga ane ndebvu chena refu, aive arasikirwa nepfungwa dzake, uye, zvichipesana nekunzvera kwesainzi uye neumbowo, oti, ‘Kune mvura kumusoro uko.’ Nhai, munhu akwegura anonzvisa tsitsi!” Vakamunzwira tsitsi. “Vachipfuura nepaari; iye, achanzi mupengo nenguva isipi. Arasikirwa nepfungwa dzake.”

²⁶⁸ Asi aive neShoko raShe. Aitovakira, pariri, uye Mwari vairatidza umbowo hwekuti mafashamo aizouya. Chakange chiri chiratidzo kwavari. Avo vasina kutenda nyaya yaNoa vakatetereka mudima, vakazopedzisira vari murufu, mumvura, uye neguva regehena.

²⁶⁹ Farao, akatarisa imwe nguva. Akaonei, chii chakaonekwa naFarao? Akaona “mupengo, anozviti muporofita, ane zvakawanda zvaaikambira zvainzi rudzikinuro.” Ndizvozvo chete zvaakaona; mukanyi wemadhaka, nhapwa yakasimuka pakati pevanhu, uye achiti iye akatumwa naMwari kuti aite minana. Handiti, vakafunga kuti munhu wacho akange arasikirwa...Ndokuti, “Endai, musiyei arotomoke achidaro. Acha...Vachazivisa kuti ‘mupengo,’ munguva shoma.”

²⁷⁰ Asi aive neZVANZI NAJEHOVHA. Vatendi, Aroni, Joshua, uye nevazhinji vavo, vakaona Mwari muna Mosesi. Uye mabasa aMwari, akaitwa naMosesi, ndicho chikonzero vakaziva kuti Mwari aive maari. Vakatarisa vakaona Mwari muna Mosesi.

²⁷¹ Murume mupfumi akatarisa akanyatsoona chaizvo kuti Aive Ani. Maona? Asi akaramba kuMutevera, nokuti aida zvinhu zvemunyika, zvakananyisa, pane kutevera Jesu.

²⁷² Vangani vanhu vakapfuma vachaterera tepi ino, vemhando iyoyo! Haufanirwe kunge wakapfuma nemari nguva dzose; kwete, unogona kupfuma neruchiva, kupfuma nemafaro ehupenyu huno. Varume vangani, vasikana vangani vechidiki, uye vakomana vangani vechidiki, vasingazotengesa mukurumbira wavo wamambokadzi wezveruchiva, kana mumwe Ricky ane banjo kana gitare, anobuda kunze achinofadza imwe nerock-and-roll, kana kamwe kamutambiro kaanogona kuita! Vangani vavo vachatora hupfumi hwavo hwemukurumbira, uye voramba, apo pavanogara mumisangano chaimo uye vachiona Ruoko rwaMwari rwuchifamba uye nokuzivisa Shoko raKe! Vangani vanozviita!

²⁷³ Akasarudza sangano rake. Aigona kugara naro. “Jesu aive mupengo,” kusangano rake. Saka aitofanira kutora zvakataurwa naJesu, kana kuti aifanira kutora... .

²⁷⁴ Seyi asina kuenda kumuprisita wake, oti, “Ndingaiti kuti ndiwane Hupenyu Husingaperi?” Aiziva kuti muprisita hapana chaaimboziva pamusoro paHwo.

Saka akauya kuna Jesu, zvino ndokuti, “Ndoitei?”

²⁷⁵ Jesu akati, “Chengetedza mirairo.” Akazvikandira kwaari chaiko.

Akati, “Ndakazviita izvi.”

²⁷⁶ Akati, “Chengeta mirairo.” Ipapo, akange asina Hupenyu Husingaperi, uye aiziva kuti haana. Unogona kuchengeta mirairo yose, uye usina Hupenyu Husingaperi, zvakadaro.

277 Saka Jesu akati, “Zvino kana uchida kuita zvakanaka, enda unotengesa zvaunazvo, zvino wozvipa kuvarambo. Huya, uNditevere.”

278 Asi izvi zvaive zvakamunyanyira. Maona? Zvino tinoona kuti iye akatarisa zvino ndokuona kuti Aive Ani, asi akaramba kuzvitora. Zvino kutarisa kwake kwaitevera kwaive ari mugehena, achitarisa kumusoro-soro achiona Razaro ari pachipfuva chaAbrahama.

279 Pirato akatarisa, imwe nguva, pavakaMuunza. Akanga asati amboMuona kumashure. Maoko ake akasungwa; ropa richierera kubva kumusana waKe; korona yeminzwa pamusoro waKe. Pirato akatarisa, uye akagutsikana.

280 Nokuti, rimwe bhiza rakauya richimhanyisa richidzika nemugwagwa, zvino mutasvi akachirika, zvino ndokumhanyirako ndokuti, “Heino, mudzimai wenyu akutumirai tsamba.”

281 Zvino akaitarisa, zvino mudzimai ndokuti, “Pirato, murume wangu anodikanwa, shaya chaunoita neMurume uyu akarurama, nokuti nhasi ndatambudzika nezvinhu zvakanwanda muhope nokuda kwaKe.”

282 Akadedera. Mabvi ake akarovana pamwe chete. Zvino ndokuti, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, kana Uri Mambo, sei Usiri kutaura? NdiWe here Mambo welsraeri?”

Akati, “Ndiwe wazvitaure.”

Akati, “Tiudze chokwadi.”

283 Akati, “Nokuda kwemhaka iyi iNi ndakaberekwa.” Zvino Pirato akashamisika. Iye . . .

284 Vese, munhu wese, aikumbira uye nokuchema patsoka dzake. Akati, “Ndine simba rokuKuuraya, kana ndine simba rokuKusunungura.”

285 Akati, “Hauna simba raunaro, kunze kwekunge watoripiwa naBaba vaNgu.” Whew!

286 Changamire, iye akagutsikana kuti Uyu akadarikira munhu. Akagutsikana zvakanwanda kuti Akanga akadarikira munhu. Mazvirokwazvo, aive. Asi (chii?) zvevatongerwo enyika zvake uye nomukurumbira zvaive zvakanwanda. Munooni, akaMuranba. Mukurumbira wake waive wakakurisa. Zvevatongerwo enyika, chinzvimbo chake muhupenyu, zvakanwanda zvakanwanda, zvokuti agamuchire mupengo uyu.

287 Handizive kuti vangani vana Pirato vanenge vakateerera kune izvi, zvokuti chinzvimbo chako mune rimwe sangano chinenge chakanyanyisa kukura, kuti ugamuchire Ishe Jesu wechokwadi akamira panzvimbo yaAri nhasi.

Musojwa wechiRoma, pamuchinjikwa, akatarisa kuna Jesu.

288 Mushure mekunge nyika yave nekusagadzikana kwakanyanya, ikazunguzika kusvikira matombo akakwachuka kubva mumakomo. Uye zuva rikadoka masikati, uye kukava nerima. Nyeredzi hadzina kubuda kuti dzipe chiedza chadzo. Zvino nyika yakaputika nematombo uye nekundengendeka kwenyika. Zvino zvienda zvemheni zvakabhenda-bhenda zvakatsvaira matenga; uye zvikatsemura chidzitiro chemutemberi kubva kumusoro kusvika zasi. Zvino, vanhu vachimhanya uye nokudaidzira, havana kuziva kuti chii chatora nzvimbo.

289 Zvino musoja wechiRoma uya akabatsira kuti Arovererwe ipapo, aive abaya nemunondo mumoyo maKe, zvino akatarisa, asi pakanga pasisina zvokuita. Akatarisa akatenda, asi zvakanga zvichisina betsero kwaari kuti atende. Zvaaive aita zvakange zvatotsimbisa kuparara kwake; aive abaya nepfumo nemumoyo weMuponesi. Pakange pachisina chimwe chokuita.

290 Handizive kuti maRoma mangani nhasi vaita chinhu chimwe chete, uye vachaita chinhu chimwe chete. Munogona kutarisa, rimwe zuva, asi unogona kunge watononoka. Vazhinji vanhasi vachauya muzuva iroro zvino vova zvimwe chetezvo. Vakazviziva.

291 Hama Wood pano; nezuro. Ndiri kutaura izvi nokuda kwekuti zviri Mumharidzo ino. Zasi kuno kuSlider Company, mumwe muRoma Katorike aive agere ipapo. Vakaenda zasi kuti vanowana kongiri yechechi pano, zvino, paakazviita, akamuudza kuti ndekupi kwaainge achiida. Zvino muRoma Katorike wacho akati, “NdiHama Branham here ava?”

“Hongu.”

292 Akati, “Ndichataura chinhu chimwe chete; kana vakanamata, Mwari vanopindura.” Maona?

293 Ndinoshama zvino, ndichiziva izvi, ndichiona kusimbiswa kuti chokwadi iEvhangeri, kwete ini; chero munhu wese anomiririra Kristu. IShoko ratiri kutaura pamusoro paro, kwete munhu.

294 Ndiri kuedza kuti kudii? Ndezvekuti, here, vanoona zvakajeka Shoko rakasimbiswa, saPirato uye nevamwe vose zvavakaita, semusoja wechiRoma, asi uchamira here kusvika pachisina nguva yokuti uite chimwe chinhu pamusoro pazvo? Aifanirwa kunge akashandisa pfumo neimwe nzira yacho. Misiwo ichavharwa, sezvazvakaita mumazuva aNoa, zvino ipapo panenge pasisina mukana. Unogona kumuka mumwe mangwanani, zvino woti, “Ndinotarisa kubuda mumatanana aya.” Usamire kwenguva yakarebesa. Zviri nani utarise worarama iye zvino.

295 Luther akatarisa kubva kune sangano reKatorike. Akaonei? Shongwe yeMoto. Akaona chechi yakazvimiririra.

²⁹⁶ Wesley akatarisa kubva kune sangano reAglican. Akaona zvimwe chete.

²⁹⁷ Pentekosti yakatarisa kubva kune masangano ose. Zvino yakazovei? Vanhu vakuru, vane simba.

²⁹⁸ Ko imwe neimwe yawo yakazoitei? Apo vavambi, Luther, naWesley, uye nevamwe, pavakangotarisa vachibva uye ndokuona zvavakaita zvino ndokubuda; vana vavo, vachitevera kumashure kwavo, vakatarisa shure kwavakabva, kubva musangano, zvino ndokutora boka riya revanhu ndokuvadzoserana munyonganyonga imwe chete yavakabuda mairi.

²⁹⁹ Chii chawakatarisa? Vavambi vakatarisa zvakanaka. Asi vanhu, vakavatevera, vakatarisa shure kune kwakabudwa nevavambi, zvino ndokuita chaizvo zvaisadiwa nevavambi; muzodziwa waMwari.

³⁰⁰ Munoziva, ndinofanira kuchimbudzika, nokuti ndine mutsara wemunamato uri kuuya, uye ndinoziva kuti vazhinji venyu vanofanirwa kufamba.

³⁰¹ Rimwe zuva ndakatarisa. Ndakaona Shoko rakaitwa nyama. Ndakaona Arufa naOmega. Handina kuona kana vatatu, vana, kana vashanu; ndakaona Mumwe chete. NdakaMuona seMuponesi wangu. NdakaMuona, Shoko. NdakaMuona, Chiedza. Ndakamuona, Mwari Samasimba. Ndakaona Mwari maAri. Ndakaona Shongwe yeMoto. Ndakaona, maAri, chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti ndozvaAiva. Ndakaona kuti Aive Arufa naOmega, kuti Aive Shongwe yeMoto. Aive mumwe chete zuro, nhasi, uye nekusingaperi. Ndakaona kuti Shongwe yeMoto yakati, kuna Johane, “Hupo hwaKe husingakundiye.” Sezvaakataura muna Johane, necheapo, “Zvino Hupo hwaKe husingakundiye haumbofi hwakakusiya.” Hama, maonero angu manheru ano, imba rumbo rwuya:

“Tarisa ugorarama,” hama yangu, rarama,
 Tarisa kuna Jesu zvino ugorarama;
 Nokuti zvakanyorwa muShoko raKe,
 hareruya!
 Kungoti bedzi “tarisa ugorarama.”

³⁰² Tarisa! Chii chaunoona? Unoona rudzikinuro here? Unoona sezvaAri here? Tarisa kubudikidza nemuShoko zvino uone zvaAive, zvino wotarisa kubudikidza neShoko rimwe chete zvino wogoono kuti iYe mumwe chete nhasi sezvaAive kareko. Ndiye aifananidzirwa nenyoka yendarira yaive murenje, nechikonzero chimwe chete, chivi nehurwere.

³⁰³ Judhasi akatarisa, rimwe zuva. Zvino paakatarisa, shure kwekunge ambonyatsoMutarisa. . . Aimbenge achitarisa chete pahupfumi, kumashure kwacho, poto yemari yavaive nayo. Asi rimwe zuva paakatarisa ndokuona Jesu, munoziva kuti akaonei? Akaona kuti aive nemhosva. Akaona kuti akange asina kukodzera kurarama, zvino ndokuzvisungirira.

304 Mamwe mangwanani, mamwe mangwanani makurusa munhoroondo yose yenguva. Mukuvhara, ndiri kutaura izvi. Pane chimwe chinhu chiri kuitika muJerusarema, zvino kamwekamwe boka remasoja rakauya zasi ku—kujeri. Ndinokwanisa kunzwa kurira kwe—kwemacheni; nokunzwa kudhonzwa kwepfumo mumugwagwa.

305 Ko ndiani ari seri umo? Bharabhasi. Agadzirira kufa. Imbavha. Haana kunaka. Igororo. Imhondi. Ari kuenda kunofa.

306 Chinhu chekutanga munoziva, akati, “Zvino, pangu pose zvino papera. Ndichauraiwa mangwanani ano.”

307 Chinhu chekutanga munoziva, murindi akavhura gonhi, “Buda kunze, Bharabhasi.”

Akabuda panze zvino ndokuti, “Saka, ndinofungidzira kuti aya ndiwo magumo.”

Murindi akati, “Bharabhasi, wasununguka zvachose.”

“Chii? Ndadii? Nda . . .”

“Kunyatsosununguka zvezavirokwazvo! Wasunungurwa,” ndozvandataura.

Ndokuti, “Ko ndingasununguka sei?”

308 Akati, “Zvakanaka, huya kuno, Bharabhasi, tarisa kumusoro uko. Uri kuona Murume ari kufa kumusoro uko? Aora nzvimbo yako.”

309 Handizivi kana isu tose, manheru ano, tikagona kutarisa uye toona zvakaonekwa naBharabhasi, mumwe munhu achitora nzvimbo yedu? “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwekusarurama kwedu. Kurohwa kwakatiunzira rugare rwedu kwakave pamusoro paKe; uye nemavanga aKe,” ndakapodzwa, wakapodzwa. Handizive kana isu, vane mhaka, vanofanirwa kunge vachirwara, tichigona kuona maAri rudzikinuro rwedu? Unofanira kuenda kugehena; woona maAri rusununguko rwako, mvumo yako yekuenda Kudenga. Handizivi kana mukagona kuona zvakaonekwa naBharabhasi zuva riya?

310 Akati, “Kwechinguvana uye nyika haizoNdioni zvakare, asi imi muchaNdiona.” Oo, chechi! Saka, kana Akati, “Imi muchaNdiona,” chiratidzo chekuti unogona kutarisa zvakare. “Muchandiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvikira kumagumo enyika.” Riinhi? UnoMuona seyi? PaShoko. Ndiye Shoko. Tarisa kuShoko uye uwone zviru vimbiso, nokuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

311 ZvaAive ari paAkafamba muGarirea, ndizvo zvimwe chete zvaAri manheru ano muJeffersonville, zvimwe chete zvaAri muBranham Tabernacle. Chii chaunotarisa kuti uone, muvambi, munhu wemasangano? Haumbofa wakazviona muna Jesu. Unotarisa kuti uone muprisita mukuru here? Haumbofa

wakazviona muna Jesu. Kwete. Unoona sei Jesu? Kubudikidza neShoko raMwari richiratidzwa, nokuti Aive Shoko raMwari rakaratidzwa. ZvaAive kareko, ndozvaAri manheru ano, uye nokudaro nokusingaperi.

³¹² Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana. Ndichadimbura izvi mukuzvipfupikisa.

³¹³ Ishe Jesu, munamoto wangu, regai nditarise kubva kune zvido zvehupenyu. Ishe, ndi—ndinoziva kuti tiri vanhuwo zvavo, vasina kudzidza. Hatina zvinhu zvakawanda zvenyika ino, asi tinokudai iMi, Ishe.

³¹⁴ Zvino ndinotaura ndichimiririra vanhu ava. Havangagare munzvimbo yakaita seino, uye vomanikidzana nokudzvanyana, uye pakati peruzhinji; uye vogara, vachitsva, muku—mukupisa; kana kutonhorwa muchando, uye vomira mune...zvakare vachiuya nevana vavo naivo, vanorwara nevanotambudzwa, vachiuya pano; kana vachiuya pano kuti vaone chimwe chinhu kunze kweNyu. Vanhu ivavo, Ishe, havangambouya kuzoona munhu. Pane vanhu vakawanda munzira; vose vanotaridzika zvakafanana.

³¹⁵ Asi vanouya kuzoona Murume uya, Murume uya waMwari, Jesu uya weNazareta wemunyama, ari Mwari. Zvino, Baba, Makatiudza kuti, “Kwekanguvana kaduku, zvino nyika hayaizokuonai iMi zvachose,” kunyangwe vakatarisa zvakadii, havagone kuZviona. Asi iMi makati, “Imi muchaNdiona,” mutendi wechokwadi, “nokuti Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Makativimbisa, kana tikatarisa, tinozooona. Zvino ndinonamata, manheru ano, kuti iMi muzadzikise Gwaro iri zvakare kwatiri manheru ano, kuti tigotarisa uye tigoona Jesu Achizviratidza kwatiri, nenzira imwe chete yaAgara achingoita, achizadzisa Shoko raKe, kubvira zvino, Ishe.

³¹⁶ Zvino ndaita chitaurwa, kumashure kweizvi, uye ndataura zvinhu izvi chokwadi zvichibva pamoyo pangu, pamusoro peKudhonza, uye iMi makandiudza. Uye zvino, sekusanzwisisika kwazvingaratidze kuva, kana tikangotswinya chete hana dzedu dzemukati, uye toona kuti zvinhu izvi hazvaigona kufanotaurwa, zvakakwana sezvazviri, kusara kwekunge zvakabva kuna Mwari.

³¹⁷ Ko taigona kuona sei chinhu chiya Chekutanga chichiitika? Ko Chechipiri chaizoitika sei? Ko Chechitatu chaizoitika seyi? Ko taigomira sei pano, kwezvimwedzi zvisati zvaitika, zvino totaura kuti chii chichazoitika kuTucson? Uye zvozovhura Zvisimbiso Zvinomwe, uye nokudzosa chakavanzika, uye nokuzarura zvinhu zvakavanzika zvaMwari, zvaive zvakavigwa kubvira mavambo enguva. Uye nokuzviona, zvose zvapakupurwa, zvikapupurirwa, vesainzi vakazvisimbisa!

318 Ishe, ndiMi hutiziro hwedu nesimba. Ndimi zvese zvatinauvo. Uye ndinoKutendai, nokuda, Ishe, kwekuve chikamu chehupfumi hweNyu hwakakura. NdinoKutendai, nokuda kwekuva nhengo yeMutumbi weNyu, pamwe chete nevamwe pano vari nhengo dzeMutumbi uyu, vakawanda pasi rose mumachechi akasiyana-siyana, vari nhengo dzeMutumbi wakavanzika waKristu.

319 Nguva yose yatinotarisa, tinoMuona! TinoMuona shiri dzichiimba. TinoMuona panobuda zuva, kana parinodoka. TinoMunzwa munziyo. TinoMuona mune vanhu vaKe. TinoMuona achisimbisa Shoko raKe.

320 O Ishe, Muri Mwari wedu. Rungwanangwana tinodana kwaMuri. Muri Baba vedu vane tsitsi. Tiregerereiwo kukanganisa kwedu.

321 Ishe, tiri munguva yokuguma. Ndiri kuona mikova ichivharwa nokukasika, misuwo yemukana. Zvino achiri masikati uye ndichiri kukwanisa kusvika kune dzimwe nzvimbo idzi, Ishe, ndibatsirei kuti ndiende. Ndave kukwegura; ndipeiwo simba. Vandudzai hujaya hwangu, Ishe. Ndibatsirei, kuti ndikwanise kuita chimwe chinhu kunze uko, zvino, nokuti ndakamirira nguva huru iyi iri kuuya, ichange iri pano. Ndibatsirei, Ishe, apo pandichabuda kunze, kuti ndigokwanisa, pasi peimwe nzira, kubata Mbeu yekupedzisira yakatemerwa, zvichazodzosa Ishe Jesu. Batsirai, O Mwari!

322 Zvino kana ndiri kuisa hwaro hwekuti mumwe agomira ipapo, zviitei, Ishe, kuti zvigoitika nokukurumbidza, kuti Shoko rigozadzikiswa.

323 Chishuwo chemoyo yedu kuona Shoko reNyu richizadzikiswa. TinoKudai. Tinotenda kwaMuri. Pakati pevanhu vekusatenda, vanopokana, chizvarwa che—che—chevatinavo nhasi, Ishe Mwari, tichiri kutenda kuti Shoko reNyu harimbofa rakakundikana. Tinotenda, kuti, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi iRo harife rakakundika.” Tinomira takagwinya nekuda kwaZvo.

324 Zvino, Baba, kuboka duku iri rakamirira. Pane vakawanda vanorwara mukati muno. Uye panogona kunge pane vasina kupona mukati muno. Vanhu vakaponeswa, asi zvakadaro vasati vazadzwa neMweya Mutsvene. Ishe Mwari, dai iMi mauya panzvimbo, neShoko reNyu revimbiso, kuti vanhu vatarise voona Jesu, zvino ipapo vokotama pasi zvino vogopa moyo yavo kwaAri. Dai vanorwara vatarisa uye vogoona kuti hazvigone kuti chimwe chinhu chinge chiri kuzviita, Mwari chete, nokuti iShoko raKe revimbiso.

325 Zvatataura nhasi, Mharidzo dziri mbiri, dai zvasimbiswa iko zvino. Zvose zviri mumaoko eNyu, Ishe. Uye ndiri mumaoko eNyu. Uye u—ungano iri mumaoko eNyu. Shandai kuburikidza nematiri, Ishe, kuremekedza Zita reNyu guru. O

Uyo Wekusingaperi, zviitei izvi kuitira mbiri kuna Mwari. Amen.

³²⁶ Ndinoziva kuri kupisa, uye ndinoda kuedza kunamatira vanorwara zvino. Zvino kana mukangondipa maminitisi angada kuita gumi nemashanu, makumi maviri, handizive kuti makadhi avapa mangani, asi tava kungotanga zvino tonamatira vanorwara.

³²⁷ Zvino, Billy andiudza kuti atopa, anga ari chii? [Mumwe munhu anoti, “Potsi kusvika kuzana.”—Mupepeti.] Iza-... Chii, chii? [Mumwe munhu anopindura.] Zvakanaka. Zvino, ngatichitangai. Ati apa kubvira repotsi kusvikira kuzana. Vangani vane makadhi okunamatirwa pano? Simudzai maoko enyu mudenga; makadhi okunamatirwa. Zvino, pane nhamba yakati kuti. Tichaedza kusvika kune zvese zvatinokwanisa kuti tiite, kana tichikwanisa. Zvino, hatikwanise kuve nekunzvera kune vose ava, munoziva, saka tichangonamata. Uye, munhu wose, vangani pano vasina makadhi okunamatirwa, asi uchirwara? Simudzai ruoko rwako. Vakawanda.

³²⁸ Zvino, tarisai. Chii ichi? Zvino, ndinoziva, tinogona kunge tati nonokei zvi—zvishoma tasiya hurongwa hwedu, nemaminitisi angaita gumi nemashanu, asi ndinoda kutaura chinhu chimwe chete ichi. Chinogona kunge chiri mutsauko pakati, pano, kupedza Ziendanakuenda uri Kudenga kana kuGehena. Maona? Tarisai, ivai munoremekedza uye mutarise, kwekanguvana, teererai kuShoko, uye mugoona kana Achiramba ari Kristu.

³²⁹ Zvino, munhu wese ari pano zvichida anondiziva. Uye vazhinji venyu handivazivi, nokuti handinyanye kugara pano zvenguva yakareba zvakakwana kuti ndikuzivei. Uye vazhinji venyu ndevkunze kweguta. Vangani vanhu vari vekunze kweguta, simudzai maoko enyu. Maona?

³³⁰ Zvino, ndakabvunza mumwe munhu zasi muguta, rimwe zuva, ndikati, “Unombouya kuno here?”

³³¹ Akati, “Hapana chikonzero chekuti tiuye.” Akati, “Pane vakawanda vanobva kunze kweguta, vanouya ikoko, hatikwanise kupinda.” Maona?

³³² Asi izvozvo—izvozvo zvakarisingana. Tichagadzira nzira yokuti vapinde mukati. Uyai, zvakadaro. Cherechedzai, vaive nemukana imi musati mauwana. Hongu.

³³³ Zvino rangerirai, zvino, ndingori hama yenyu. Ndine chokwadi chokuti munozvinzwisisa izvozvo. Ndiri munhu; iYe ndiMwari. Asi Mwari anogona kushanda chete, uye agara achingoshanda, uye anoshanda bedzi, kubudikidza nemunhu. Zvino tarisai manheru ano, kwete kwandiri kana kune mumwe munhu, asi tarisai kuna Jesu Kristu.

³³⁴ Zvino tarisai manheru ano paGwaro, zvaRakavimbisa. Vangani venyu imi...ndinogona kungopa mhando dzose

dzeMagwaro, asi vangani venyu vachangotenda vaHebheru 13:8, kuti, “Jesu Kristu mumwe chete zuro...”? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Vangani vanotenda Johane 14:12, “Mabasa aNdinoita muchaaaitawo zvakare”? [“Ameni.”] Maona? Vangani vanotenda kuti iYe akavimbisa kuti zvinhu zvimwe chete zvaAkaita, nenzira yoku “nzverwa kwepfungwa dziri mumoyo,” zvichadzoka zvakare muzuva rekuguma Kuuya kwaKe kwoda kusvika? [“Ameni.”] Uh-huh. Chokwadi. Tose tinozviziva. Zvakanaka. Oo, mangani mamwezve, mazana nemazana eMagwaro, asi tinozviziva!

335 Zvino tarisai. Musatarise kuona mushumiri. Musatarise kuona mufundisi. Tarisai kuti muone Jesu. Musaone munhu; onai Jesu. Kana mukatarisa, onai iYe. Dai ndaikwanisa kukubatsirai, ndaizviita, asi handikwanise. Handikwanise kukubatsirai; ndingori hama yenyu. Asi, iYe ndiye Ishe wenyu, tarisai kwaAri uye mugotenda. Zvakanaka.

336 Zvino ngatichitangai nekadhi remunamato nhamba... Zvakanaka, tichatanga kubva panhamba potsi. Vangani... Nhamba potsi, ndiyani ane kadhi remunamato nhamba potsi? Simudza ruoko rwako. Riri kupi? [Mumwe munhu anoti, “Shure uko nechekoko.”—Mupepeti.] Munoreva yenyu... [“Akamira.”] Changa chiru? Oo, ndine urombo. Zvakanaka. Nhamba potsi, huyai kuno, mudzimai, zvakanaka... Ndeipi nzira yamunoda kuvaunza nayo, nekuno *uku*? Zvakanaka, huyai ipo *pano*, kana—kana muchikwanisa kufamba. Kana mumwe munhu akadanwa zvino, akaremara, vamwe vedu ngatikubatsire kuuya kuno. Nhamba potsi.

337 Nhamba yepiri, ndiani ane kadhi remunamato repiri? Simudza ruoko rwako, nokukurumidza kwamungakwanise nako. Nhamba yepiri, iri papi? Handisi kurwuona. Kupi? Ndine hurombo, handi—ndikwanise... Neche ipo *pano* apa, mudzimai.

338 Nhamba yetatu, ungasimuka here, kana chimwe chinhu? Ndizvozvo chaizvo, nhamba yetatu.

339 Nhamba yechina. Kadhi remunamato nhamba yechina, ungasimudza ruoko rwako here? Riri kupi? Handisi kurwuona. Kadhi remunamato nhamba yechina. Mati kudii? Nhamba yechina.

340 Nhamba yeshanu. Ndiani ane nhamba yeshanu, mungasimudza ruoko rwenyu here? Handirwuone. Nhamba yeshanu.

341 Nhamba yechitanhatu. Nhamba yechitanhatu. Nekukurumidza, kukurumidza, nhamba yechitanhatu. Zvakanaka.

Nomwe. Iwe, uri wechinomwe? Zvakanaka. Ndizvozvo.

342 Sere. Sere, nokukurumidza iko zvino. Simukai, nokukurumidza. Zvakanaka, sere. Zvakanaka, changamire.

Pfumbamwe. Pfumbamwe, riri kupi? Nhamba yepfumbamwe. Zvakanaka.

Nhamba yegumi. Gumi, zvakanaka, gumi, nechepano apa. Gumi.

Gumi nerimwe, gumi nembiri, gumi nenhату, gumi neina, gumi neshanu.

³⁴³ Zvino handichadana vakawandisa, kuti muzowana... Munoono, chikonzero tichiita izvi... Ringori kadhi rine nhamba pariri, munoono, saka unongouya nenhamba iyoyo. Zvinovachengetedza vari mumutsara.

Gumi neshanu. Kadhi rokunamatirwa gumi neshanu. Zvakanaka.

³⁴⁴ Gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri, makumi maviri neimwe, makumi maviri nembiri, makumi maviri netatu, makumi maviri neina, makumi maviri neshanu.

³⁴⁵ Regai vauye, itai mutsara zvino, makumi maviri neshanu, kusvikira maita kuti mutsara wenyu uumbike. Ingosimukai zvino zvichienderana nemanhamba enyu. Ndzivozvo chaizvo. Musauye mose kamwe chete. Huyai muchipotera nerimwe divi, kana mukakwanisa, kana muri kudivi iro, zvino mouya. Zvino makumi maviri- . . .

³⁴⁶ Tadana chii, makumi maviri neshanu? [Mumwe munhu anoti, “Makumi maviri neshanu.”—Mupepeti.] Zvakanaka, ngatizorei pamakumi maviri neshanu, zvino kwekanguvana. Zvakanaka.

³⁴⁷ Zvino ndinoti, kana usingade kumira nguva yakarebesa, kana ukaona uyo wadzikira, zvino wobva wapinda navo; makumi maviri neshanu, makumi maviri nenhanhatu, makumi maviri nenomwe. Ingova, zvino, mira, itai kuti mutsara ugodzikira zvisvoma, hauzofanira kumira zvakananyisa, nguva yakarebesa.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

³⁴⁸ Oo, shamwari, chii zvino? Zvino tave papi? Zvino tave ku—kumagumo. Tave panguva yokuti chimwe chinhu chinofanirwa kuitwa, woti “hongu” kana “kwete.” Mwari vanofanirwa kuwanikwa vari vechokwadi kana vachikanganisa.

³⁴⁹ Zvino, nhasi ndaparidza mharidzo mbiri, zvakaoma, ndichiedza kukuudzai izvo zvaAri, kukuudzai kuti nguva yave kupera; izvo zvaAri, zvaAive ari. Zvino kana tave kutarisa, manheru ano, ngatitarisei kwaAri.

³⁵⁰ Zvino, munhu wese, nemuZita raIshe Jesu, garai pazvigaro zvenyu zvino. Musafambe-fambe. Garai makadzikama kusvikira madanwa. Itai kuti vana vadiki . . .

³⁵¹ Zvino, zvikaitika kuti ndati, “Kotamisa musoro wako,” ibva wazviita nokukurumidza, mudiwa, nokuti zvinhu zvakaipa zvinobva, zvakaita sekenza nezvirwere, zvino zvinoenda pakati pevanhu, zvino zvopinda mune vamwe. Vese vanozvitenda izvi, uye vachiziva kuti iGwaro, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Tinoona, muBhaibheri, kuti mweya yetsvina inobva kune mumwe ichienda kune mumwe, kana ichinge yadzingwa. Zvino inoedza kutsvaga nzvimbo.

³⁵² Zvino kangani katakazviona mumisangano! Vanhu vanouya kumusangano, vane hutano hwakakwana uye vachinzwa zvakanaka, voga ipapo uye vachitsoropodza; zvino, kupera kwezva kana maviri mushure mezvo, voonekwa vave mapofu zvachose, kana kubatwa nekenza, vaoma mitezo. Munooona, nokuti vakange vasingatende. Handina mungava kwavari; kunze kwevanotenda chete. Vazhinji vavo vakaenda kunzvimbo yevarwere, makore akawanda adarika, uye vachiriko, vamwe vavo vakaenda kuguva ravo, nokuda bedzi kwekusindimara, vasingatendi.

³⁵³ Hapasisina nzvimbo yeasingatende zvino. Inzvimbo yevanotenda. Ivai nokutenda muna Mwari!

³⁵⁴ Baba veKudenga, zvino musangano wave weNyu; wagara uri weNyu, nguva dzose. Zvino, ndinogona kutaura pamusoro peShoko reNyu; asi zvino, kubva pari zvino zvichienda mberi, handikwanise kutaura. Ndimi Mave kutaura zvino, Ishe. Ngazvizivikanwe kuti muranda weNyu avataurira Chokwadi. Dai vanhu pano, pamwe vazhinji pano vari kurwara, uye havakwanise kunge vari mumutsara wekunamatirwa, asi iMi muchiri pano, Ishe. Munokwanisa kupodza kunze uko, sekungokwanisa kupodza kwaMunoita kupi zvako. Itai kuti Shoko reNyu riziviswe, nemuZita raJesu, ndinonamata. Ameni.

³⁵⁵ Zvino dai ndakwanisa kupihwa kuterera kwenyu kwakakwana kwechinguvana. Ndinoda kutarisa zasi mumutsara uyu wokunamatirwa. Handinyatsotendi kuti pane munhu mumwe chete wandinoziva. Muri here, mumutsara uno wokunamatirwa, mese vatorwa kwandiri, munoziwa kuti handikuzivei? Simudzai maoko enyu kana muripo. Varipo. Vangani kunze uko vanoziwa kuti hapana chandinoziwa pamusoro pezvenyu? Simudzai maoko enyu, kunze uko, munoona. Chokwadi, zvikamu makumi mapfumbamwe nevashanu kubva muzana evanhu pano, handizive. Ichokwadi.

³⁵⁶ Zvino pano pane mudzimai muduku, handisati ndakambomuona muhupenyu hwangu. Mutorwa zvachose kwandiri. Zvino, anogona kunge ari pano nokuda kwehurwere. Anogona kunge ari pano. . .Zvimwe pane zvaakaita. Zvimwe ari pano nokuda kwemari. Zvimwe nokuda kwedambudziko remumhuri. Dzimwe nguva ari pano nokuda kwemumwe munhu. Handizive. Handina ruzivo.

³⁵⁷ Asi heuno mufananidzo chaiwo uri muna Mutsvene Johane, chitsauko 4, murume nemukadzi vanosangana kekutanga. Uye tisingapokane, kuti, mudzimai muduku akasangana naJesu, Iye aive mukuru chaizvo kumudzimai, nokuti, “Iye,” vakati, “Airatidzika kuve nemakore makumi mashanu, kana kupfuura makumi mashanu,” uye dzimwe nguva kamusikana kaduku kane runako kaive kunze uko patsime, aingove musikana muduku. Zvino pano zvakare, manheru ano, vanhu vaviri vasangana, muduku nemukuru, vasingazivane mumwe nomumwe.

³⁵⁸ Uye zvino amire apo. Pane chikonzero seyi ari ipapo. Handizivi. Iye anogona kunge akamira ipapo, semunyengeri. Anogona kunge akamira ipapo, achitaura chimwe chinhu, icho chisiri icho, kuda kungoona kuti chii chichaitika. Kana zviri izvo, imi tarisai kuti chii chinoitika. Maona? Maona?

³⁵⁹ Zvino, handizivi mudzimai; handisati ndakambomuona. Angosimudza ruoko rwake, chinguva chapfuura, kuti ndiri mutorwa kwaari. Zvino ndinosimudza ruoko rwangu, kuti mutorwa kwandiri. Handisati ndakambomuona. Saka, zvino kana ini . . .

³⁶⁰ Saizvozvo semunhu, ndaifanira kutaura kuti, “Mudzimai, dambudziko rako nderei? Uri kuitei pano? Chii chauri kuda?”

³⁶¹ Zvino anobva ati, “VaBranham, ndiri—ndiri pano nokuti ndi—ndinotambudzika neke—kenza. Ndinotambudzika neTB. Ndinotambudzika nebundu.” Kana, “Handichisina mari. Ini . . . Murume wangu akandisiya.” Kana, “Handina kuroorwa, zvino mukomana wangu akaita zvakati.” Aitofanirwa kundiudza.

³⁶² “Zvino,” ndaizoti, “zvakanaka, ndicha—dicha—ndichakunamatira; zvino ndigoturika maoko angu pauri, zvino ndoti, ‘Ishe Mwari, ipai mudzimai uyu chaanoda. Amen. Jesu, zviite!’” Ndomurega achienda. Saka, ndinodaira, kana akazvitenda izvozvo, anozopora. Zvakanaka. Yanga iri iyo shumiro kwemakore mazhinji, zhinji.

³⁶³ Asi zvakavimbiswa, mumazuva okupedzisira, kuti seapo Ngirozi, Mwari, aigara mumutumbi wemunhu wakauya Sodhoma yave kuda kupiswa, zvino Akagara nemusana waKe wakafuratira tende umo maive naSara, zvino ndokuudza Abrahamu kuti mukadzi aifungei mutende; Mwari, ari munyama yemunhu, akapfeka nguwo dzevanhu.

³⁶⁴ Zvino ndiyo nzira bedzi iyo Mwari yavanogona kuzviita nhasi, ndipo apo paAnopinda munyama yako, munoona, zvichiratidza kuti Mwari achazoratidzwa ari munyama yemunhu.

³⁶⁵ Jesu akati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Tine mutumwa, Billy Graham uye nevamwe zasi muSodhoma, asi Chechi yakasanangurwa yakagamuchira Mharidzo uye nemutumwa.

³⁶⁶ Zvino, kana mudzimai muduku uyu...kana Mweya Mutsvene...Handiti Achazviita, asi kana iYe akauya uye ondiudza zvawakamirira pano, kana—kana kuti unodei, kana chimwe chinhu chawakaita, kana chimwe chinhu chawava kuda kuita. Handiti, unozoziva kuti zvinofanirwa kunge zvichibva kune chimwe chinhu chemweya, nokuti takangomira pano, munoona. Zvinenge zvakanaka, handizvo here? Zvino unozoziva kuti zvaifanirwa kubva kune rimwe simba remweya. Zvino kana Bhaibheri richiti Jesu akaita zvimwe chete izvozvo, uye ndokuvimbisa kuzviita zvakare mumazuva okupedzisira, zvino unozotenda kuti anga ari iYe. Vangani vanozotenda zvimwe chetezvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino unozoona Jesu. Unozoona Shoko raKe.

Zvino unoti, “Iye iShoko here?”

³⁶⁷ Bhaibheri rinoti iYe iShoko. Uye Bhaibheri rakati Shoko rinonzvera pfungwa dziri mumoyo. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino rinenge riri Shoko rakataurwa kubudikidza nemumuromo wemunhu, richinzvera pfungwa.

³⁶⁸ Zvino, handigone. Handina nzira yekuzviita, munoona, nokuti handimuzive mudzimai; asi iYe anoziva, uye iYe iShoko.

³⁶⁹ Uye Ndiye Wacho anogona kutora mweya yedu iri miviri, semudzimai patsime, uye naYe, zvino ousanganisa; zvino oenda zvakare ondiratidza chikonzero chokuti ari pano nokuda kwei, zvaakaita, kana kuti chii chaanoda, kana chimwe chinhu. Zvino ndinogona kuzvita uye ndozvireva, zvino ipapo zvinenge zvave kwaari.

³⁷⁰ Zvino munoti, “Hama Branham, munogona kumupodza here?” Kwete, kwete. Handigone kuzviita izvozvo. Akatozviita kare. Nemavanga aKe takatopodzwa.

³⁷¹ Asi ndezvekungosimudza kutenda kwake, kuti azive, kuti, kana Akaziva zvaakanga ari uye nezvaari kuda, Anoziva—Anoziva kuti anozvipa sey iye kuti anozovei mushure maizvozvo. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, munhu wese anozvitenda here izvozvo? [“Ameni.”]

³⁷² Zvino chinyatsoremekedzai. Zvino imi vanhu vari kunze uko zvino, vasina makadhi okunamatirwa, namatai.

³⁷³ Zvino, rangerirai, Jesu akapfuura nepakati peboka rimwe zuva, zvino mumwe mukadzi muduku ndokubata hanzu yaKe. Zvino Akatendeuka, ndokuti, “Ndiani aNdibata?” Zvino Akatarisa pese muungano kusvikira Amuwana, zvino ndokumuudza kuti aive nechirwere chekubuda ropa. Zvino ropa rake rakamira panguva iyoyo. Maona?

³⁷⁴ Zvino, Bhaibheri rinoti iYe zvino “Muprisita Mukuru anobatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Ndizvozvo here?

375 Ndakatarisa kuno kuna Hama Way, vakagara pano nemudzimai wavo. Nguva ichangopera murume iyeye aive akamira pano pandaiparidza, kunge Pauro paaiparidza husiku hwose humwe husiku, zvino murume uyu akadonhera pasi ndokufa muungano chaimo. Zvino Mweya Mutsvene wakamudzosa zvakare kuhupenyu. Iye chapupu, munoono, kuti, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

376 Vangani vasati vamboona Hama Way, uye vangada kuvaona; simudzai maoko enyu, vasati vambovaona. Hama Way, mungasimuke here? Heuno murume wacho, akadonha akafa tingati ari neche ipapo pavakagara zvino. Heuno mudzimai wavo, mukoti ane magwaro, amire ipapo chaipo. Vakange vasisina kurova kwehana, kwaenda; maziso avo apindukira shure, zvino vakange vave vatema kumeso kwavo; moyo wakundika.

377 Chiremba akavaudza kuti vaive vane dambudziko remoyo. Zvisati zvaitika, ndakange ndazviziva mukunzvera, chinguvana chapfuura, zvino ndokuvaudza kuti vaive nedambudziko remoyo. Saka zvino, kamwe-kamwe, moyo wavo wakamira, zvino vachibva vadonhera pasi. Zvino vaiva ipapo, vakarara ipapo, vanyatsoenda zvachose.

378 Ndingati kave katanhatu kana kasere pandakaona Ishe Jesu vachidzosa zvakare vakafa. NdakaVaona vachizviita, uye Vanogona kuzviita manheru ano.

379 Zvino ndinotoro mweya wese, uri muno, pasi pangu, kuitira kubwinya kwaMwari, muZita raJesu Kristu. Ivai vanoremekedza. Tarisai.

380 Ndinoda kutaura newe, mudzimai. Ndanga ndichiparidza, unoona. Zvino kuti ndingobata mweya wako, ndizvozvo chaizvo zvandiri kuita. Maona?

381 Pane chimwe chinhu mauri, hupenyu, kana kuti ungadai usina kumira ipapo; waigona kunge ungori chimutumbi, urere wakafa, uye unenge usina hupenyu mauri. Asi, nokuda kwekuti mune hupenyu munyama imomo, hunokutungamirira. Maona? Uye zvino kana pfungwa dzako uye nezvaunofunga, mashoko aunotaura, uye nezvimwe zvose, ndizvo zvaunorarama nazvo. Maona? Ndizvo zvauri, mashoko ako, pfungwa dzako, uye nechero zvauri.

Zvino, tiri, tiri pano, tichitenda. Zvino Mweya Mutsvene . . .

SaJesu akaudza mudzimai, “Ndiunzirewo mvura yekunwa.”

382 Zvino, paakaunza, akati, “Nhai, iMi, haMufanire kundikumbira izvozvo. Ndiri—ndiri muSamaria. Imi muri . . . Imi muri muJudha. Hatidyidzane mumwe nemumwe, kwete—kwete hapana, mashoko mumwe nomumwe.”

383 Zvino, asi, saizvozvo, tose tiri maHedheni. Zvino timire pano tichingotenda muna Mwari. Zvino, kana Mweya waKe

ukauya nepandiri nokuda kwechipo, uye wokwanisa kukuudza izvo; zvokuti unoziva kuti ichokwadi here kana kwete, nokuti wakararama chidimbu chehupenyu ihwohwo. Zvino, ipapo une chipo, chekuzvitenda. Zvino kana ukazvitenda, zvino iYe achakuudza pamusoro pazvo, zvino zvose zvobva zvapera. Uye zvichashanda pane munhu wose pano. Zvino, munhu wese ngaave nokunyatsoremekedza.

³⁸⁴ Zvino mudzimai anotambudzika nechimwe chinhu chakakanganisika pahuro pake. Mamiriro epahuro. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako. Zvino, handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvaauyira pano, kuti ndimunamatire pahuro pake.

³⁸⁵ Zvino, iko zvino, pandangotaura izvozvo, kana ndisati ndataura, vanga... Vaziva kuti pane chimwe Chinhu pedyo navo. Chimwe chinhu chaya pedyo navo, ipapo. Maigona kuona mazvibatiro avo pavari, kunge, manzwiwo anotapira chaiwo, avarova.

³⁸⁶ Chiedza chiya chamuona pamufananidzo. Uri papi, George? Chiedza chiya chakange chiri mumufananidzo, chakarembera pamusoro chaipo pemudzimai, iko zvino. Munuona, zviri mune chimwe chiyo. Mutendi, kwete mutendi wekabanga. Mutendi.

³⁸⁷ Zvino, nokuda kwekuti uri mutendi, unonditenda here kuti ndiri muranda uye nemuporofita waKe? Zvinofanira kudaro, kuti uzive izvozvo. [Vahanzvadzi vanoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Munotenda here kuti Anogona kukuudza zvimwe zvinhu zviri pamoyo pako? [“Hongu, changamire.”] Zvakanaka.

³⁸⁸ Hechino chimwe chiri pamoyo pako. Mumwe munhu wauri kunamatira; mwana. Unotenda here kuti Anogona kundiudza kuti chii chakatsveyama paari? Ane hutachiwana. Ndizvozvo here? [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo chaizvo. Hongu.”—Mupepeti.] Unotenda here kuti Mwari anogona kundiudza kuti ndiwe ani? [“Hongu, changamire.”] Unonzi Mai Walker. [“Ndizvozvo.”] Hamubve kuno. [“Kwete.”] Unobva Kumawodzanyemba. [“Ndizvozvo.”] Georgia. [“Ndizvozvo.”] Uri kuenda kumba, wapodzwa. Jesu Kristu akupodza iwe nemwana wako. Usambonetsekana nezvazvo. Zvatopera. Mwari vakuropafadze, hanzvadzi.

³⁸⁹ Ko makadii? Zvino pano pane mumwe mudzimai. Handimuzive, handisati ndakambomuona. Angoriwo mudzimai akamira apo. Zvino tarisai, ndanga ndichiparidza, zvose pamwe chete, kubvira tingati eight o'clock, zvino dzave ten iko zvino. Ave maawa maviri ndiri pano. Kunzvera kumwe chete uku kwatondinetesa kupfuura maawa maviri okuparidza. Maona? Ndizvo... Maona?

Munoti, “Munoreva kudaro here?” Oo, hongu.

³⁹⁰ Mudzimai uya akabata mupendero wehanzu yaKe. Akati, “Ndinonzwa kuti simba rabuda maNdiri,” simba. Ndizvozvo here? Ndizvo zvazvinoita.

Zvino, heuno mudzimai wandisati ndamboona.

³⁹¹ Billy aenda kumusoro uko, kana macherechedza chimwe chinhu, akasimudza mukomana uyo watinaye pano nesu, George. Mukomana wechiBaptisti. Ndinoda kuti aone kuti zvatiri kutaura nezvazvo ndiMwari. Baba vake vari, mhuri, yevanhu vakanaka. Vari kuMexico, mumishinari, murume akanaka. Zvino baba vake vari kurwara, zvakare. Ndakangomirira kuti auye. Zvino nyatsocherechedza nepedyo, George.

³⁹² Zvino, mudzimai uyu, ini—ini—ini handimuzive. Handi—handisati ndakambomuona. Ndinodaira kuti tiri vatorwa mumwe kune umwe. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti.] Hatizivane.

³⁹³ Asi zvino, Mweya Mutsvene, kutapira kwaJesu kuri pano, tose tiri kuzvipupurira izvozvo. Zvino kana Ishe Jesu vakazarura chimwe chinhu kwandiri pamusoro pako . . .

³⁹⁴ Zvino, dai ndaikwanisa kukupodza, ndaizviita, asi handigone kuita zvaAkatoita kare. Chinhu chete, dai Anga akamira pano manheru ano akapfeka sutu iyi, iyo yaAkandipa, zvakanaka, zvino, iYe—iYe haaikwanisa kukupodza, nokuti Akatozviita kare. “Nemavanga aKe takapodzwa.” Maona? Asi chinhu bedzi chaAizoita, kuZviratidza neShoko raAkavimbisa, uye okuita kuti uone kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino Akavimbisa kuzviita.

³⁹⁵ Zvino kana Akandishandisa kuti ndikuudze kuti uri pano nemhaka yeyi, ungashandisa here kutenda kwaunako, maAri, kutenda kuti unogamuchira icho chaunacho . . . chawavinga pano? Nemoyo wako wose? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndichadaro.”—Mupepeti.] Zvakanaka, dai Ishe vakazviita.

³⁹⁶ Ndinoona mudzimai ane chimwe chinhu chisina kuita zvakanaka. Kuongororwa kunoratidza kuti vane ku—kutsemuka mudumbu. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti.] Ndizvozvo chaizvo. [“Ndizvo chaizvo.”] Ichokwadi, hongu, changamire, kutsemuka mudumbu. [“Ndizvozvo.”] Munotenda here kuti Mwari anogona kupodza kutsemuka uku? [“Hongu, changamire. Ndinotenda zvose zvandinokwanisa kutenda.”] Iwe, zvose iwe—iwe . . . [“Nezvose zvandinokwanisa kutenda.”] Mwari vakuropafadzei. [“Mwari vanogona kupodza mudumbu mangu.”]

³⁹⁷ Zvino, haubve kuno. [Hanzvadzi inoti, “Kwete, changamire.”—Mupepeti.] Kwanga kuri kuzvipira chaiko kuti usvike kuno. [“Hongu, kwanga kuri.”] Kwanga kuri. [“Mwari ngavarumbidzwe!”] Hongu. Hongu. Iwe unobva kuTennessee. [“Hongu, changamire.”] Ndizvozvo chaizvo.

Mai Hart. [“Ndizvozvo chaizvo.”] Dzokerai kwenyu; morega kupokana. Muchapodzwa, kana mukangotenda.

³⁹⁸ Wakadii, mudzimai? Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti.] Handisati ndambokuonai muhupenyu hwangu, sekuziva kwandingaite. Ndinogona kunge, pane imwe nzvimbo mumusangano, zvino munogona kunge makandiona, asi handikuzivei. Mwari vanokuzivai. Munotenda mandiri here kuve muranda waKe, uye Shoko randaparidza kuti iChokwadi? Zvino, nokuda kwekuti ndiri mutorwa kwamuri; uye Shoko, randaparidza, maritenda.

³⁹⁹ Chinhu bedzi, ndechekuti, vamwe vavo vakupa kadhi; anogona kunge ari mumwe wemaasha, kana mwanakomana wangu, kana mumwe munhu akupai kadhi. Nhamba yenyu yadaidzirwa, zvino hezvinoi muri pano. Ndizvo chete zvandinoziva.

⁴⁰⁰ Asi muri pano, muchitambudzwa nechinhano chekusagadzikana. Chinokutambudzai zvakaipa. Mune munhu wamunaye. Mune mumwe munhu wamuri kunamatira. Iye ari. . . Murume wenyu. Uye ane dambudziko repamweya raari kutadza kuti abude mariri. Uye mune mwana ari kurwarawo, zvakare. Hamubve kuno, asi munobva kuChamhembe. Munobva kuCanada, kuri kuAlberta. Ndizvozvo chaizvo. Munonditenda here sekuva muporofita waMwari, uye nokutenda kuti zvandinokutaurira iChokwadi, endai kumba zvino muchagamuchira izvo zvamawana. Hongu. Tendai. Mwari vakuropafadze, mudzimai.

⁴⁰¹ Ndiri mutorwa kwauri. Uri mutorwa kwandiri. Handikuzive. Asi Mwari vanokuziva. Unotenda here kuti ndiri muranda waKe? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndinodaro.”—Mupepeti.] Nemoyo wako wose? Handikuzive, kana chii nezvako. Dai ndaikwanisa kukupodza, ndaiita saizvozvo, asi ini—ini handigone. [“Ameni.”] Handizi mupodzi. Ndingori munhu. Asi iYe ndiMwari. Ndingoti vhiringikei zivishoma, nokuti pane mumwe mudzimai ati kurei akamira pakati pangu newe. Mumwe munhu wauri kunamatira. [“Hongu.”] Hongu. Ndiamai vako. [“Hongu, ndizvozvo. Hongu.”] Vanorwa ne—neBP. [“Hongu, vanorwa.”] Uye une hu—hutachiona muitsvo. [“Hongu, changamire.”] Ndizvozvo chaizvo. [“Ichokwadi.”] Unozvitenda here izvozvo? [“Hongu, ndinodaro.”]

⁴⁰² Mai vako havapo pano. [Hanzvadzi inoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Asi kana waenda kwavari, tora sikavha yakamonerera muhuro mako, zvino wonoiisa panamai vako, uye usapokana, zvino BP ichabva yavasiya, uye hutachiwana hwako huchabva waenda. Enda, tenda zvino.

⁴⁰³ Munotenda here iko zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nemoyo wenyu wose? [“Ameni.”] Zvino, munoona, ndiri kutarisa kwose muungano, uye zviru kuratidza sokunge

kwave kungo—kungotanga kuita kunge, sokune mhute, kunze uko.

404 “Zvinhu izvi zvaNdinoita muchazviitawo zvekare.” Aita zvakananda ipo pano, manheru ano, kupfuura iYe... zvemhanda iyoyo, kupfuura zvaAkaita murwendo rwose rwohupenyu. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino, mudzimai uyu pano, mukadzi wechidiki. Handimuzivi, mutorwa kwandiri. Asi unonditenda here kuva muranda waKe? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvino kwekanguvana.

405 Mumwe murume auya pamberi pangu, mumwe munhu ari muungano. Zvino kwekanguvana. Mumwe munhu ari muungano. Changobva pano izvozvi; Chiedza chiya chabva pano. Zvino pane murume anga akamira paChiri, uye pane imwe nzvimbo muungano. Musangonetsekana; ingovai nekushinga kwakanaka.

406 Ngatidzokerei zvakare uye tigoona mudzimai. Zvino kana Ishe Mwari... Vave vatanhatu kana vanomwe, kana zvimwe zvakadaro, vapfuura nemumutsara, pasi pekunzvera. Zvino kana Ishe Jesu vakazozarura kwandiri, kumudzimai uyu, chingave chii chakakanganisika naye, zvinoita here kuti mose imi mugotenda nemoyo wenyu wose? Munozogona here kugamuchira Kristu pamusoro penhoyo idzodzo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Kamwe chete kanofanira kuzviratidza. Katatu kusimbiswa. Zvino izvi makumi ezviuru zvenguva, pasina kana kamwe pazvakapotsa.

407 Hamusi pano nokuda kwenyu pachenyu. Muri pano nokuda kwemurume. Zvino ndinomuona agere nomusoro wake wakatsikitsira pasi. Ari kuputa mudzanga, zvino muri kunamata kuti fodya imusiye. Ndizvo... Dai Ishe Mwari vakakupai chikumbiro chenyu, hanzvadzi. Endai, muchitenda nemoyo wenyu wose, uye dai dhiyabhorosi wetsika iyoyo abva pamurume wenyu, muZita raIshe Jesu.

408 Dambudziko rako riri kumusana kwako. Unotenda here kuti Mwari vachaita kuti upore? Unodaro? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ini ndinotenda.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Enda, woti, “NdinoKutendai, Ishe.”

409 Ndinomuziva mudzimai uyu, ndinotenda kuti mukunda waMai Neece. Handizvo here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Ndafunga kuti ndizvo. Mwari vakuropafadze. Dambudziko rekare remusana richakusiya iko zvino uye unogona kuenda unopora.

410 Unotenda here kuti Mwari vanogona kupodza arthritis uye ugoita zvakanaka? Enda unoMuudza kuti unoMutenda. Ingotenda nemoyo wako wose.

411 Makadii zvenyu, changamire? Munotenda here kuti Mwari vanogona kupodza dambudziko remudumbu uye voita kuti mupore? [Hama inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, zvino chiendai, moti, “Ndinokutendai Ishe, ndi—ndichapora zvino.” Zvino—zvino iwe ucha—iwe uchapora.

412 Chimwe chirwere chearthritis, pamwe nekukura, zvakare. Unotenda here kuti Mwari vanogona kukupodza kana ndikaisa maoko angu pamusoro pako? [Hanzvadzi inoti, “Akazviita nguva dzakawanda, nemi, nokuturika maoko enyu pandiri, hama.”—Mupepeti.] Manzwa here izvo? [Ungano inoti, “Ameni.”] Ishe varopafadze hanzvadzi yangu, uye vavape kusunungurwa zvakare manheru ano. Amen. IngoMutenda.

413 Dambudziko remoyo, dambudziko remudumbu. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Munotenda here kuti Mwari vanogona kuzvipodza? Zvakanaka. Enda, nemuZita raIshe Jesu, dai Vakakupodza.

414 Wakadii zvako, muchinda wechidiki? Chinhanho cheasima. Unotenda here kuti Mwari vanogona kupodza asima? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Enda, zvitende; Achazviita. Zvakanaka.

415 Chinhanho chechirwere cheshuga. Unotenda here kuti Mwari vanogona kupodza ropa rako uye voita kuti upore? Enda, tenda kwaAri, uye Achazviita. Unozvitenda here nemoyo wako wose?

416 Ko toti handina chandatura kwauri; ndongoturika maoko angu pauri; unotenda here kuti Mweya Mutsvene uri pano kuti ukupodze? [Murwere anoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Ndiyo nzira yekuzviita nayo. Huya pano. NemuZita raJesu Kristu, ngaaende uye apodzwe. Amen.

417 Huya, mudzimai. Kana ndikasatura chimwe chinhu kwauri, unotenda here kuti Mwari vanokupodza chirwere ichocho chemadzimai. . . Kwete, ndiregerereiwo, Atozvaitaura kare. Enda mberi. Mwari vakuropafadzei. Endai, endai, muchitenda, zvino, mobva mapodzwa.

418 Unotenda here, changamire, nemoyo wako wose? Mwari vanopodza chirwere chemoyo haVapodze here? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Anoita kuti munhu apore. Ndine chokwadi chokuti Anozviita.

419 Ivo, NdiMwari. Munozvitenda here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munozvitenda here nemoyo wenyu wose? [“Ameni.”] Ivai nokutenda muna Mwari!

420 Mumwe murume kuno uku aita chimwe chinhu, mumaminitsi mashoma apfuura. Ndinoda kuona kuti chii. Ranga riri ropa. Mumwe munhu kunge tsaona, kana chimwe chinhu chakaitika. Anga—anga achibuda ropa. Kwanga kuri kune imwe nzvimbo. Murume wacho anga akamira pano. Zvino

chingonamatai. Hongu, ndizvozvo. Murume akaga-...Nhai, ndi J. T. Parnell. Ndinomuziva mukomana uyu. Uri kubuda ropa mukati, J. T. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza? Zvakanaka, richamira zvino, J. T. Tenda nemoyo wako wose.

⁴²¹ Mudzimai muduku agere ipo pano apa, achitarisa akananga kuno, agere apo pane Hama Grimsley. Pane Chiedza chiri paari. Iwe, une kora duku chena. Mary, handikuzive, asi ndiro zita rako. Uri kunetswa nedambudziko repamweya, uyezve uri kungohuta-huta kwazvo. Zvikananwe; zvose zvichaita zvakanaka. Tenda nemoyo wako wose. Iva nokutenda muna Mwari. Kana ukangotenda chete.

⁴²² Mudzimai muduku uyu agere kumashure chaiko uko mumutsara wekumashure, uko kudivi riri uko, anobva kuMichigan, ari kutambudzika nechirwere chemadzimai. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza? Unogona kuwana izvo zvawakumbira, zvino. Unozvitenda here? Amen. Simudza ruoko rwako, woti, “Ndinozvigamuchira.” Zvakanaka, Unogona kuenda kumba uye ugopora. Handizive mudzimai wacho, asi Mwari vanomuziva.

⁴²³ Ko zvakadii newe pano panhowo iyi? Ndiwe chete murume akaremara, kana kuti murume ari panhowo. Ndiri mutorwa kwauri. Handikuzive. Mwari vanokuziva. Asi, ndinoti zvino, une mumvuri werufu. Une kenza. Wabva kure-kure. Unobva kuCincinnati, kuno. Zita rako unonzi VaHawk. Tendai nemoyo wenyu wose. Kana ukagara ipapo, unofa. Gamuchira Jesu Kristu uye ugopodzwa. UnoMutenda here? Saka chisimuka netsoka dzako, kubva panhowo iyoyo, uye ugogamuchira Jesu Kristu.

⁴²⁴ Vangani vari muno vanomutenda, panguva ino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munotenda here nemoyo wenyu wose? [“Ameni.”] Saka regai, munhu wese, asimuke iko zvino. Simukai. Zvino nenzira yako pachako, nzira yaunonamata nayo, isa ruoko rwako pane mumwe munhu ari pedyo newe.

⁴²⁵ Ko Hanzvadzi Brown varipi? Vambenge vagere pano, vachirwara naizvozvo. Rimwe zuva vakandidana pafoni, zvino vaitotadza kusimudza maoko avo. Ndakaona kuti pane chakatsveyama muropa ravo. Pandakasangana navo rimwe zuva...Vane chirwere cheshuga. Varipi? Vanga vari pano naMai Dauch, chinguva chapfuura. Zvakanaka, Hanzvadzi Brown. Manheru ano, ndinoda kuti mutende nemoyo wenyu wose. Ndinoziva kuti munoziva chakanganisika pamuri, asi ndinoda kuti mutende. Mabuda muchipatara, kuti muuye kuno, munoono, kuti munamatirwe. Ndave kukunamatirai iye zvino. Tendai. Muchaita zvakanaka.

⁴²⁶ Margie, iva nokutenda muna Mwari. Zvichapera iko zvino. Zviri kuzoguma. Anogona kupodza chirwere cheshuga, Anogona kukupodza chirwere ichocho chiri mudumbu mako.

427 Zvino mumwe nemumwe isai maoko enyu pamusoro pemumwe, zvino moramba makaisa maoko enyu ipapo kwekanguvana. Ingoisai maoko enyu pamusoro pemumwe neumwe, batai. . . Munoono, dzava kuenda kuna eleven o'clock, uye vazhinji vevanhu ava vanofanirwa kutyaira vachienda kuTennessee nekunzvimbo dzakasiyana-siyana.

428 Chokwadi, Ishe Mwari varatidza. Ko maonei, manheru ano? Maona munhu here kana kuti maona Jesu, Jesu achisimbisa Shoko raKe?

429 Mahengechepfu aya akaiswa pano, apo chizoro ichi chiri pandiri, ndine maoko angu ari pamusoro pemahengechepfu aya, ndichinamata kuti Mwari Samasimba. . . Vakati, "Vakatora kubva pamutumbi waPauro mahengechepfu, kana maapuroni."

430 Hevano! avo vaive vakafa, uye vakamutswa. Pane avo pano vakapinda mutsaona, vakapwanywa, vakapora. Pane avo. . .

431 Ndinoona Mai Wilson vamire pano, kuti, panguva isiri kure, vaibuda ropa zvekutoda kufa, neTB, makore apfuura. Havano! manheru ano, vana chiremba vakangovapa maawa mashoma ekurarama. Hevano! vamire pano manheru ano.

432 Kwese-kwese, nepano, mhetamakumbo, mapofu, vakaremara, vari mumahwiricheya uye nezvose, havo vamire apo manheru ano semikombe inorarama. Sei zvakadaro? Jesu Kristu anorarama, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

433 Murume uya achangobva kupupura, nguva yapfuura, pamusoro pake, zasi uko, kuti aive netsviyo, kuti aive nayo kwemakore ese, uye nezvimwe zvose, zvino nguva imwe chete mumusanganano. Zvino zvava kutonge, ndingat! makore makumi maviri apfuura; havasati vambobatwa nazvino. Ndicho chimwe chegumi rezviuru.

434 Iye mupodzi. Amen! Anopodza. Zvino, musatekenyedzwa. Ingo, nekutenda kunenge kwemwana muduku, tarisai kuKarivhari. Vharai maziso enyu zvino mokanganwa kuti muri muTabhanakeri muno. Vhara maziso ako wokanganwa kuti pane ari pedyo newe, zvino wotarisa kuna Jesu wogoono. Tarisa kuna Jesu iko zvino wogorarama.

Zvakanyorwa muShoko, hareruya!
Kungoti tigo "tarisa torarama."

Oo, "tarisa urarama," hama yangu, rarama,
Tarisai kuna Jesu zvino ugorarama;
Zvakanyorwa muShoko, hareruya!
Kungoti chete ugo "tarisa worarama."

435 Vharai maziso enyu kuvanhu. Vharai maziso enyu kune zvinhu zvakakukomberedzayi. Zvino chitarisa kubudikidza nemukutenda kwako, kuna Jesu Kristu, uye ugoziva, kuti, "Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwako; nemavanga aKe wakapodzwa."

⁴³⁶ Ishe Jesu, apo vanhu ava vachinamata, uye, vane maoko avo mumwe pamusoro pemumwe. Zvino isu tiri... kucherechedza kuti isu takamira muHupo hwaJesu Kristu mupenyu, akamutswa, ari muchimiro cheMweya Mutsvene, achizurura kwatiri zvakananzika zvemoyo yedu, achizivisa kwatiri zvishuwo zvedu, uye achitivimbisa kuti Achazotipa zvishuwo zvedu kana tikangotenda chete.

⁴³⁷ Varume nevakadzi vane maoko avo mumwe pamusoro pemumwe. Vari kunamata, nokuti tiri vagari pamwe chete veHumambo hwaMwari. Tiri pamwe hama nehanzvadzi dzaJesu Kristu.

⁴³⁸ Zvino, Satani, tinouya kwauri mukupikisa kweZita raIshe Jesu. Ndiye Munondo. Ndiye Wacho anocheka achibvisa hurwere. Ndiye Wacho anocheka achibvisa kupokana. Ndiye Mukundi. Zvino tinokupikisa, nemuZita raJesu Kristu, kuti ubude kubva muvanhu ava, Satani!

⁴³⁹ Shoko raMwari raratidzwa. Rinodzingisa, rinobvisa kupokana, rinobvisa hurwere, uye rinounza rudzikinuro rwakakwana. Tinonamata kuti Mweya Mutsvene uwire pamusoro pevanhu ava, uye ugovapa simba rekutenda rekuti vatende kuti Hupo hwaKristu wamasimba ose huri pano zvino. Zviitei, Ishe.

⁴⁴⁰ Ndinotsiura hurwere hwese. Ndinotsiura zvirwere zvese. Ndinotsiura kusatenda kwose. MuZita raJesu Kristu, dai Mweya Mutsvene waremekedza zvanataura, zvino ugotsvaira nemuchivakwa chino uye ugodzikinura munhu wese ari muHupo hwaMwari.

⁴⁴¹ Simudzai maoko enyu zvino uye mugoMurumbidza. Ndinotaura kuti imi mave kunzwa zvakanaka uye mapodzwa, nemuZita raJesu Kristu!



TARISA KUNA JESU SHO63-1229E
(Look Away To Jesus)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo manheru, 29 Zvita, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org